

Гъэсэныгъэфlым ухуэзышэ Iэмалыщlэ

2-нэ нап.



Мэзхэр хъумэным тегъэщIауэ

2-нэ нап.



IуэрыIуатэдыщэ пхъуантэ

3-нэ нап.



Гъуазджэм дихьэххэм хуащIа тыгъэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№94 (24.532) ● 2023 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 8, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Адыгэ цIыхубз уэрэдхэр ягъэзащIэ



4-нэ нап.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ



## ПоликлиникэщIэр зэраухуэр зрегъэлъагъу

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек республикэм къыщрахьэжьа ухуэныгъэзэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр зэрекIуэкIым зыщигъэгъуэзащ.**

АБЫХЭМ ящыщщ Налшык къалэ и поликлиникэ №1-м и унэщIэр. ЩIыналъэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм дежкIэ ар мыхьэнэшхуэ зиIэ ухуэныгъэу зэрыщытыр. Абы и проектыр къыдаIыгъащ УФ-м и Правительствэмрэ Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэмрэ.

ПоликлиникэщIэм зы лэжьэгъуэ махуэм цIыху 500-м дэIэпыкъуныгъэхэр щагъуэтынущ. Мы зэманым медицинэ IуэхущIапIэм IуэхутхьэбзэхуещIэ цIыху мин 80-м нэблагъэм. УнэщIэ зыхуащIыр иджы здэщыIэм 60 гъэхэм я пэщIэдзэм ягъэIэпхъуауэ щытащ, медицинэ IэнатIэм и жыпхъэхэм хуэкIуэну зэрагъэпэщыжри. Абы къекIуалIэ цIыхухэм я бжыгъэм кIуэ пэтми зэрыхэхъуэм къыхэкIыу, унэм щIэмыхуэж хъуащ.

«УхуэныгъэщIэм и проектыр поликлиникэхэм я иджырей жыпхъэщIэхэм тету яубзыхуащ, абы щылажьэхэми къекIуалIэ цIыхухэми я тыншыпIэм сыт и лъэныкъуэкIи ар хуэщIауэ щытынущ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Сымаджэхэр чэзум хэтынукъым, иджырей IэмэпсымэщIэхэр къыщагъэсэбэпынущ, цIыхухэм хуащIэ медицинэ IуэхутхьэбзэхэмфIагъым хэгъэхъуэным я къару псори ирахьэлIэнущ. ПоликлиникэщIэм хэтынущ эндоскопиемкIэ, реабилитацэмкIэ, функциональнэ диагностикэмкIэ къудамэхэр. Апхуэдэу абы щылэжьэнущ лышх къызэуэхэм щыдэIэпыкъу центр, иджырей лабораторэ. Сымаджэхэр зэрыщIыхьэ бжэхэр зэхэгъэщхьэхукIауэ щытынущ. Узыфэ зэрыцIалэ зиIэхэм папщIэ IуэхущIапIэм бжэ щхьэхуэ хэлъынущ.

Медицинэ IуэхущIапIэщIэр республикэм и поликлиникэ IэнатIэм и амбулаторэ-диагностикэ центрыщIэ лъэщ хъунущ.

УхуакIуэхэм унэм и еплIанэ къатыр дращIеин щIадзащ, лэжьыгъэхэр зэраубзыхуам тету йокIуэкI.

## Зыри гулъытэншэ хъуакъым

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек яIущIащ я щхьэ IуэхукIэ зыкъыхуэзыгъэзахэм.**

РЕСПУБЛИКЭМ щыпсэухэр нэхъыбэу зыщIэупщIэр дзэ Iуэху хэхам зи Iыхьлы хэт унагъуэхэм защIэгъэкъуэн, медицинэ Iэмэпсымэ лъапIэхэр къэзымыщэхуф, узыншагъэкIэ сэкъат зиIэ сабийхэм я адэ-анэхэм мылъкукIэ ядэIэпыкъун хуэдэ Iуэхухэрт.

Языныкъуэ лъэIухэр псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и лэжьыгъэм, псэукIэр егъэфIэкIуэным епхат.

Республикэм и Iэтащхьэм зыщIыхуагъэза Iуэху псоми яужь ихьащ, дэтхэнэ зыри зэрагъэзащIэр УнафэщIым и нэIэ щIэтщ.

## ДяпэкIи зэдэлэжьэнущ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хуэзащ лэжьыгъэ IуэхукIэ Налшык къэкIуа, Кемеровэ областым и губернатор Цивилев Сергей.**

ДЫЗЭРЫЩЫГЪУАЗЭЩИ, ди щIыналъэхэм куэд щIауэ сату-экономикэ зэпыщIэныгъэхэр я зэхуаку дэлъщ. Нобэ яIэ зэхущытыкIэхэр и лъабжьэу къулыкъущIэхэм Iэ щIадзащ щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ, сату-экономикэ зэдэлэжьэныгъэмкIэ зэгурыIуэныгъэщIэм.

«Цивилев Сергей фIыщIэ хуэсщIащ ди республикэм къызэрыкIуам папщIэ. Си фIэщ мэхъу ди зэхуэзэр Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Кузбассымрэ я зэпыщIэныгъэм къаруущIэ зэрыхуэхъунур», - щетх КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым.

## Я нэIэ трагъэтынущ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр ДыщэкI Аслъэн, Налшык къалэ администрацэм и унафэщI Ахъуэхъу Таймураз сымэ тепсэлъыхьащ Аттоевым и цIэр зезыхьэ уэрамым щекIуэкI лэжьыгъэр здынэсам.**

Щэбэт кIуам Iэтащхьэм къызэхикIухьа щIыпIэхэм щилъэгъуахэмкIэ ядэгуэшащ икIи жиIащ Аттоевым и цIэр зезыхьэ уэрамым тесхэми щылажьэхэми я гуныкъуэгъуэхэр къэлъытэн зэрыхуейр.

Iэтащхьэм а Iуэхур зи пщэрылъхэм къалэн ящищIащ лэжьыгъэр зыхуей хуэзэу и чэзум зэфIэха хъунымкIэ яхузэфIэкI къамыгъэнэну, хуэныкъуэмэ, иджыри нэгъуэщI техникэхэр ирашэлIэн зэрыхуейр.

Гъуэгур зэгъэпэщыжын яухыху я нэIэ къытрагъэкI зэрымыхъунур щетх КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым.



## Щэнхабзэ щIэинхэр яхъумэу

**Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым дизайнымкIэ и колледжым «Щэнхабзэ щIэинхэр зэгъэпэщыжын» («Реставрация») унэтIыныгъэмкIэ IэщIагъэрэ щIэныгъэрэ зэзыгъэгъуэт и еджакIуэхэу Къармэ Ланэрэ Ету Илонэрэ Ярославль щIыналъэм хыхьэ Переславль-Залесский къалэм иджыблагъэ щыIащ. «Социалист реализмэм и лъэхъэнэм теухуа, дагъэ иIэгъэкIэ ятха сурэтхэр зэгъэпэщыжыным и Iэмалхэр» и фIэщыгъэу сурэтыщIхэм папщIэ къызэрагъэпэща еджапIэм адыгэ пщащэхэм я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ, езыхэми я IэпэIэсагъэм щыхагъэхъуащ.**

СУРЭТЫЩIХЭМ папщIэ еджапIэм и жэрдэмщIакIуэ хъуащ Урысейм и Щэнхабзэ щIэинхэр зэгъэпэщыжынымкIэ зэгухьэныгъэмрэ Переславль къалэм дэт музеймрэ. ЗекIуэм хэтащ Санкт-Петербург дэт, СурэтыщI-промышленнэ академием, Штиглиц Александр и цIэр зезыхьэм, а къалэм дэт Щэнхабзэ институтым, КъБКъУ-м дизайнымкIэ и колледжым щеджэ студентих. Мы гупым хэхуа дэтхэнэ зыми яхузэфIэкIащ я лэжьыгъэхэр урысейпсо икIи щIыналъэпсо мыхьэнэ зиIэ зэхьэзэхуэхэм щагъэлъагъуэу къыщыхэжаныкIын, сурэт зэмылIэужьыгъуэхэм я зэгъэпэщыжыным ехьэлIауэ щыIэ Iэмалхэм бгъэдыхьэкIэщIэхэр къыхуагъуэтын.

Япэ категорие зиIэ IэщIагъэлI, сурэтыщIзэгъэпэщыжакIуэ Владимировэ Иринэ и нэIэ щIэту ныбжьыщIэхэм Попков Виктор и «Театр Иныр зэрызэрагъэпэщыж теувапIэхэм» («На лесах Большого театра») сурэтымрэ Переславль музейм и гъэтIылъыгъэхэм ящыщу Делла-Вос-Кардовская Ольгэ и Iэдакъэ къыщIэкIа «Невский Александр и члисэм ухуэзышэ дэкIуеипIэ» («Лестница, ведущая к церкви Александра Невского») икIи «ДэкIуеипIэмрэ хьэгъуэмрэ» («Крыльцо и собачья будка») сурэтхэм я зэгъэпэщыжыным хэтащ. Зыхэта Iуэхугъуэхэр адыгэ хъыджэбз цIыкIухэм гукъинэж ящыхъуам и закъуэкъым, куэдым гу лърагъэтащ, къыхаха IэщIагъэм и щэху Iэджэ нэрылъагъу ящищIащ.

«ЖаIэкIи си фIэщ мыхъуну куэд дыдэ щыслъэгъуащ дыздэщыIа еджапIэм. Сурэтхэр музейм щахъумэн щыхъуакIэ, абыхэм къэралым уасэшхуэ зэрахуищIыр гурыIуэгъуэщ. Iэм ищIа сыт хуэдэ IэщIагъэри гува-щIэхами тIорысэ мэхъу, языныкъуэхэри щыкIуэдыж къыхокI. Ауэ техникэм къиха зыужьыныгъэмрэ Iэмалхэмрэ я фIыгъэкIэ мыкIуэдыжу къытхузэтенэн куэд щыIэщ. Си щхьэкIэ си фIэщ мэхъу цIыхум и псэр хилъхьэу ищIа псэкупсэ хъугъуэфIыгъуэхэм дызытет дунейр нэхъ зэрагъэдахэр, цIыхум зэрызригъэузэщIыр. IэщIагъэ къыщыхэпхкIэ, утезыгъэгушхуэн къыболъыхъуэ. Мы еджапIэм щытлъэгъуар апхуэдэ защIэщ. Сурэтхэр кхъахэ хъуащ, абыхэм уазэреIэзэнур мыпхуэдэущ, жаIэу псалъэкIэ къыдгурагъэIуа къудейкъым, дэ Iэмал диIащ сурэт зэгъэпэщыжыным епха Iуэхугъуэ псоми дыхэтыну. Апхуэдэу дэ делэжьащ и пIэм къикIа дагъэ иIэпхъэр чэтэным кIэрыгъэзэгъэжыным, лапхъэр щызэкIэщIэкIам деж игъуэта щыщIагъэхэр гъэкIуэдыжыным, сурэт гущIыIум илъэс бжыгъэхэм ирахьа фIейр тегъэкъэбзыкIыжыным, сэкъат зыгъуэта щIыпIэхэм иIэгъэр щIэрыщIэу етыжыным, пхузэмыгъэпэщыжыну сурэтым фIэкIуэда IуплъапIэхэр къыхэмыщу телъэщIэным, лэч пIащIэ щыхуэжыным. Ди лъэныкъуэкIэ апхуэдэ лэжьыгъэ щекIуэкIыу сщIэркъым, ауэ IэщIагъэлI ухъуну, псэм фIэIэфIу къыхэпха Iуэхум ехьэлIауэ зыбужьыну ухуеймэ, мы псоми хэпщIыкIыпхъэщ. ТхылъхэмкъидджыкIауэ фIэкIа, нэгъуэщIкIэ дызыщымыгъуазэ, нахуэу тлъагъуну Iэмал зыхуэдгъуэта мы еджэныгъэм къытхузэIуих дунейр щIэщыгъуэщ. СехъулIауэ къызолъытэ мыпхуэдэ Iэмал зэрызгъуэтам папщIэ. ФIыщIэ хузощI ди гъэсакIуэ Владимировэ Иринэ къыдбгъэдилъхьа щIэныгъэм, дэтлъэгъуа цIыхугъэм папщIэ», - жиIащ Къармэ Ланэ.

«Перславль-Залесский къалэр ныбжьышхуэ зиIэ, цIыхухэр илъэс миным нэблэгъауэ щыпсэу жылэщ. ДэнэкIэ умыплъэми, пасэрей лъэхъэнэхэм я акъужьыр къыптолъэщIыхь. Ар мыбдеж щыпсэу цIыхухэм зыхащIэми сыщыгъуазэкъым, ауэ я щытыкIэм, дуней тетыкIэм къегъэлъагъуэ пасэрей щIэинхэм пщIэ зэрыхуащIыр, абыхэмкIэ зэрыгушхуэр. Тхыдэшхуэрэ щэнхабзэшхуэрэ зыдэлъ къалэм а хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэным хуэунэтIауэ IуэхущIапIэ зыбжанэ дэтщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, КъегъэлакIуэм и цIэкIэ щыIэ члисэм, Тхьэнанэ и цIэкIэ щыIэ Бгыщхьэ къулъшырыфым, Пётр Езанэм и кхъуафэжьейр зыдэт музейм дыщыIащ. Дэтхэнэ зы IуэхущIапIэми щахъумэ хьэпшыпхэр мыкIуэдыжын, къытщIэувэну щIэблэхэм къыхузэтранэн папщIэ зэзыгъэпэщыж лъэщапIэхэр яIэщ. Тхыдэм, щэнхабзэм IэкIэ уатеIэбэ хуэдэу къыщыпщыхъу къалэм щызэхэпхри хьэлэмэтщ, щызыхэпщIэри къыпхуэмыIуэтэжыну гъэщIэгъуэнщ. Арагъэнущ дэри дызыщIагъэдэIу псоми защыдмыгъэнщIу дерсхэм дыщIыхэтар, къытхуагъэфащэ лэжьыгъэхэм дигури ди псэри етауэ дыщIыпэрытар. Сэ срогушхуэ Попков Виктор и «Театр Иныр зэрызэрагъэпэщыж теувапIэхэм», Делла-Вос-Кардовская Ольгэ и Iэдакъэ къыщIэкIа «Невский Александр и члисэм ухуэзышэ дэкIуеипIэ» икIи «ДэкIуеипIэмрэ хьэгъуэмрэ» сурэтхэм «псэщIэ» къаIузыгъэкIыжахэм сазэрыщыщым, а IэдакъэщIэкI дахэхэм я тхыдэм си цIэри епхауэ зэрыщытынум», - жиIащ Ету Илонэ.

Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, «Театр Иныр зэрызэрагъэпэщыж теувапIэхэм» сурэтыр 2024 гъэм Третьяков зэшхэу Павелрэ Сергейрэ я цIэр зезыхьэ Къэрал сурэт утыкушхуэм Попков Виктор къыщызэIуихыну и гъэлъэгъуэныгъэм хэтынущ.

Къармэ Ланэрэ Ету Илонэрэ фIыщIэ хуащI я IэщIагъэм хэлъ щэхухэм зыщагъэгъуэзэну Iэмал къезыта я гъэсакIуэхэм, егъэджакIуэхэм, КъБКъУ-и дизайнымкIэ и колледжым и унафэщIхэм. Дэри ди гуапэщ адыгэ хъыджэбзхэр зыщыгуфIыкI Iуэхугъуэ дахэр я насып къызэрихьам, дыщогугъ ди щIыналъэм и IэрыщI хъугъуэфIыгъуэхэр мыкIуэдыжу къызэтенэнымкIэ я фIагъ езыгъэкIын IэщIагъэрылажьэ нэс къахэкIыну.

**ШУРДЫМ Динэ.**



## Иджырей Iэмалхэр къагъэсэбэпу

**КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам щыIащ Бахъсэн къалэм дэт район сымаджэщым и поликлиникэ къудамэ №1-м. Абы зыщигъэгъуэзащ IуэхущIапIэм къыщрахьэжьа зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым.**

IЭЩIАГЪЭЛIХЭМ и кIэм нагъэблэгъащ блынхэр гъэIэпхъуэным теухуа лэжьыгъэхэр. АдэкIэ я мурадщ пэш кIуэцIхэр зэрахьэну, уэздыгъэ кIапсэхэр, псы зэрыкIуэ, унэр зэрагъэхуабэ бжьамийхэр зэрахъуэкIыну. 2019 гъэм мы IуэхущIапIэр зэрагъэпэщыжащ, абы щыгъуэм унащхьэр, бжэ-щхьэгъубжэхэр яхъуэжауэ щытащ.

Поликлиникэм и унэр 1974 гъэм яухуащ, ар къатиплIу зэтетщ, махуэ лэжьэгъуэм абы щызэблокI цIыху 750-рэ. Медицинэ IуэхущIапIэм зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэр щагъуэт абы къепха щIыналъэм щыпсэу цIыху мин 60-м нэблагъэм.

Лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIыр зригъэлъэгъуа нэужь, министрым гулъытэ нэхъ зыхуащIыпхъэхэр къыхигъэщу пщэрылъ зыбжанэ ящищIащ. Ахэр хуэунэтIащ IэнатIэр ефIэкIуэнымкIэ щыIэ иджырей Iэмал псори къэгъэсэбэпыным. Апхуэдэу гулъытэ нэхъ зыхуэщIыпхъэхэм ящыщу къигъэлъэгъуащ узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм техникэр къагъэсэбэпу хъыбархэр зэрызэIэпах системэр щызэтеублэныр, сымаджэхэр я чэзум щыпэплъэ щIыпIэ щхьэхуэр абыхэм я тыншыпIэм хуэщIауэ къызэгъэпэщыныр. КъищынэмыщIауэ, рентген щащI пэшыр япэ къатым къэхьыжын зэрыхуейми тепсэлъыхьащ.

Зэгъэпэщыжыныгъэхэр «Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм цIыхухэм япэ дэIэпыкъуныгъэхэр щрат медицинэ IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжын» щIыналъэ программэмкIэ ирагъэкIуэкI. Лэжьыгъэхэр мы илъэсым и кIэ пщIондэ зэфIагъэкIыну я мурадщ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

● Къабзагъэ

## Хуабэм и Iэужьыр

**«Экологистикэ» щIыналъэ операторым и лэжьакIуэхэм иджыпсту бэлэрыгъыпIэ яIэкъым. Фэтэр куэду зэхэт унэхэм егъэщIылIа, кIэрыхубжьэрыхухэр зрадзэ контейнерхэм нэхъри я нэIэ трагъэтын хуей мэхъу, дунейм и хуабэгъуэм абыхэм пхъэнкIийр щызэтрихьэу мэ ямыщIын папщIэ. Уэшхышхуэ къешха нэужь контейнерхэм уекIуэлIэну гугъщи, языныкъуэхэм пакетхэр здахьын хуейм намыхьэсу зрагъэтIылъэкI, псэущхьэхэмрэ бзухэмрэ зэбграпхъ.**

ДУНЕЙМ и хуабэгъуэм узыншагъэмрэ щIыуэпс къабзагъэмрэ ехьэлIауэ, кIэрыхубжьэрыхум шынагъуэ щхьэхуэхэр къыдэкIуэнкIэ мэхъу. Хабзэм къемызэгъыу къэунэхуа пхъэнкIий идзыпIэхэр, зэрыхабзэу, ягъэсеиж. КъапщтэмэилъэскIуам апхуэдэ щIыпIэу 70-м нэблагъэ Налшык и Iэгъуэблагъэм щагъэкъэбзащ. ЕрыскъыхэкIхэр къэгъэнауэ, цIыхухэм къагъэсэбэп пластик, тхылъымпIэ, дзэху пкъыгъуэхэм къахэхъуэ мыхъумэ, дяпэкIи хэщIыну фIэщщIыгъуейщ.

«Экологистикэм»-м и лэжьыгъэм къыхэзыгъахъуэхэм ящыщщ цIыхухэм уасэ щIату драгъэшын хуей кIэрыхубжьэрыхухэр, псалъэм папщIэ, ухуэныгъэхэм ехьэлIахэр, пхъэнкIий идзыпIэхэм щэхуу зэрашэр. Ар лэжьакIуэхэм даш, апщIондэху къапэплъэ контейнерхэр яунэщIыныр мэгувэ.

ПхъэкIэбжьэкIэм къыщыщIэдзауэ, жьы хъуа унэлъащIэхэмкIэ иухыжу зэтралъхьа самэр дэгъэкъэбзыкIыным хьэлъэзешэ машинэрэ бульдозеркIэ сыхьэтитI - щыкIэ елэжьу, щIыпIэр тралъэщIэжын хуей мэхъу.

Иджыри зэ фигу къэдгъэкIыжынщи, Къэбэрдей - Балъкъэрым хуэдэу пхъэнкIий дэшыпщIэр щымащIэ къэгъуэтыгъуейщ. Иджыпсту къалэм и щIыпIэ псори шэрхъ зыщIэт контейнерыщIэхэмкIэ къызэгъэпэщащ, щIыщIагъ контейнерхэм я бжыгъэми зэрахузэфIэкIкIэ къыхагъахъуэ.

Мы зэманым щхьэкъэIэт ямыIэу ди къалащхьэм и къабзагъэм кIэлъоплъ коммунальнэ хозяйствэм и лэжьакIуэхэри. Къалэдэсхэр къэмыхъей щIыкIэ я къалэным пэрохьэ уэрамхэм сабэр тезыгъэкъэбзыкI техникэр. Транспорт зекIуапIэхэм къищынэмыщIауэ, абыхэм зыхуей хуагъазэ ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм, Дэшхуей хадэм я лъэс зекIуапIэхэри. Абыхэм зыкъыкIэрагъэхуркъым къалэр зыгъэдахэ удз гъэгъа гъэкIыпIэхэм нэхущым псы щIэзыкIэ техникэ щхьэхуэхэми. ЗэрыжаIамкIэ, щхъуантIагъэхэм мы махуэ хуабэхэм тIэунейрэ псыр зыщIэкIэн хуейхэри яхэтщ. Псом хуэмыдэу абыхэм я нэIэ тетщ гъатхэм щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ щыхаса жыгыщIэ цIыкIухэм. Абыхэм я лъабжьэхэр иджыри зэрыубыдакъым-уатеплъэкъукIмэ, жьы пщтырым илыпщIынущ

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

## Ди къуэш республикэхэм

### Школым хуагъэхьэзыр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Республикэм и щыхьэр Черкесск гъэ еджэгъуэщIэм щIидзэжыным мазэ иIэжу щызэхаублащ «Школым щIэтIысхьэжынухэм ядэIэпыкъу» урысейпсо Iуэхур.**

ПСАПЭ зыпылъ Iуэхум хэтщ Урысей МВД-м Черкесск къалэм щиIэ къудамэм балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ и инспекторхэмрэ КъШР-м щыIэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советымрэ. Абыхэм унагъуэ хуэмыщIахэм ящыщу плIым я сабийхэу 8 школым хуагъэхьэзыращ.

ШколакIуэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ фIыщIэшхуэ хуащIащ инспекторхэм, полицэм и лэжьакIуэхэмрэ жылагъуэ Iуэхум хэтхэмрэ. КъШР-м Сабийхэм защIэгъэкъуэнымкIэ и лъэпкъ центрым къыхилъхьа Iуэхур фокIадэ пщIондэ екIуэкIынущ.



### Ухуэныгъэр и кIэм нагъэс

АДЫГЕЙ. **Къэрал Думэм къыщыхагъэщащ Адыгейм Херсон и Геническ районым зэрызыщIигъакъуэр.**

«УРЫСЕЙ зэкъуэт» партым къыхилъхьа цIыхубэ программэм ипкъ иту, 2023 гъэм и мэлыжьыхьым Адыгейм Геническ иухуэн къыщыщIидза МФЦ IуэхущIапIэр и кIэм негъэс. Иджыпсту IэщIагъэлIхэр йолэжь унэм и кIуэцIыр зыхуей хуэгъэзэным, абы къегъэщIылIа щIыпIэр зэпэщ щIыным.

Адыгей Республикэм и лэжьакIуэ гупым и унафэщI Хьэткъуэ Хъызыр зэрыжиIамкIэ, абдеж щагъэув электрокъарур зыхъумэ уэздыгъэхэр, сабийхэм яIэнущ щыджэгун утыку, псыкъелъэ, лъэс лъагъуэхэр ящI. Зыхуеину псори къащэхури яшащ.

Ухуэныгъэр щекIуэкI щIыпIэм щыIа, Къэрал Думэм и депутат, «Урысей зэкъуэт» партым Херсон областым щиIэ къудамэм и секретарь Кастюкевич Игорь жиIащ щIыналъэм зи нэIэ тетхэр ухуэныгъэхэм зэрелIалIэр, зэхэкъутахэр зыхуей зэрыхуагъэзэжыр.

МФЦ IуэхущIапIэр къалэкум хуозэ, цIыху куэд щызэблэкI паркым и гъунэгъущ. Лэжьыгъэр шыщхьэуIум и кIэм яухыну я мурадщ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**



● Егъэджэныгъэ





# ГъэсэныгъэфIым ухуэзышэ IэмалыщIэ

**Зэрыжа Iэщи, гъащIэм щIэуэ къыхыхьэ Iуэхугъуэщ Iэхэм я нэхъыбапIэр нэхъапэм щыIа, ауэ цIыхухэм яIэщIэхужауэ щыта Iэмалыжьхэщ. Апхуэдэу, 2023 - 2024 гъэ еджэгъуэм къыщыщIэдзауэ курыт школхэм я программэм хагъэхьэнущ щIэблэм гъэсэныгъэфI езыгъэгъуэтыну къалъытэжа «IэмалыщIэр» – дяпэкIэ еджакIуэхэр дерс щхьэхуэхэм къадэкIуэу лэжьыгъэми къыщIагъэтэджэнущ.**

ЗИ САБИИГЪУЭР совет лъэхъэнэм хиубыда нэхъыжьыIуэхэм дощIэж «Труд» фIэщыгъэр зиIа дерсхэм тхьэмахуэм зэ декIуалIэу зэрыщытар. ПэщIэдзэ классхэм дыщыщIэсам а предметыр псоми зэгъусэу (хъыджэбз цIыкIухэми щIалэ цIыкIухэми) дджыуэ щытащ. ИужькIэ, 5-нэ классым къыщыщIэдзауэ, зэпэщхьэхуэ дыхъуат. А дерсхэм хъыджэбз цIыкIухэр IэпэIэсагъэм (бзэным, дэным, хэдыкIыным, пщэфIэным) дыщыхуагъасэрт, щIалэ цIыкIухэр школ мастерскойхэм щылъащэрт, пхъэм елэжьырт, станок зэмылIэужьыгъуэхэм я зэхэлъыкIэр яджырт, IэпщIэлъапщIагъэхэм щыхуаущийрт.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм я кIэухым а дерсым «Технологие» фIэщыгъэщIэр игъуэтауэ щытащ, и купщIэкIи фащэкIи зихъуэжри. Апхуэдэ урокхэр нэхъыбэу зытещIыхьар технологиещIэхэмрэ робототехникэмрэ арами, иджы а псоми я гъусэу школхэм «къагъэзэжынущ» щIэблэр лэжьыгъэм щыщIапIыкI дерсхэм.

УФ-м и Къэрал Думэм иджыблагъэ къиштащ «Урысей Федерацэм и егъэджэныгъэ IэнатIэм теухуауэ» федеральнэ хабзэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэр. Абыхэм япкъ иткIэ, школакIуэхэм еджапIэм щаIэ къалэнхэм иджы хеубыдэ лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр ягъэзэщIэн хуейуэ. Дауи, ныбжьыщIэхэм я къалэн нэхъыщхьэр щIэныгъэ зэгъэгъуэтыныр аращ, атIэми дяпэкIэ ахэр кIэлъыплъын хуейщ зыщеджэ пэшхэм я къабзагъэм, абыхэм щIэт унэлъащIэхэм я щытыкIэм, хуей хъумэ, школ хадэм къэкIыгъэ цIыкIухэр щагъэтIысынущ, жыгхэр щыхасэнущ, ахэр зэрахьэнущ, библиотекэ лэжьакIуэхэм Iэпыдзлъэпыдз яхуэхъунущ. А псори школакIуэм игъэзэщIэн папщIэ, нэхъапэм езыми и адэ-анэми я арэзыныгъэ хэлъын хуейт, «Урысей Федерацэм и егъэджэныгъэ IэнатIэм теухуауэ» федеральнэ хабзэм и 34-нэ статьям щыщ 4-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Иджы апхуэдэ щыIэжкъым – хабзэщIэр псоми я дежкIэ зэхуэдэщ. Апхуэдэ гъэсэкIэр сэбэп хъунущ ныбжьыщIэхэр гугъуехьым, гъащIэм къапигъэтIылъынкIэ хъуну лъэпощхьэпохэм щымышынэу къэгъэхъунымкIэ, къабзагъэмрэ зэпэщыныгъэмкIэ жэуаплыныгъэ зыхищIэу къэгъэтэджынымкIэ.

Дауи, а лэжьыгъэхэр еджакIуэхэм зэрагъэзэщIэнур я ныбжьрэ зэфIэкIрэ елъытауэщ. Сабийхэм яхуэмыхьын гугъуехь зыми трилъхьэнукъым иджыри. Ахэр школыр зэщIэзыкъуэхэм, лъэсакIуэхэмрэ пхъэнкIакIуэхэмрэ я пIэкIэ лэжьэнукъым – а Iуэхугъуэхэм зыхуагъэсэн, зыщагъэгъуэзэн къудейщ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, совет лъэхъэнэм и егъэджэныгъэ IэнатIэм хабзэу хэтахэм ящыщащ класс къэс махуэм и плъыр щыIэныр. Абы доскар урокым хуигъэхьэзырырт, пэшым и къабзагъэм кIэлъыплъырт, абы щIэт удз гъагъэхэм псы щIикIэрт, дерсхэр зэфIэкIа нэужь, шэнтхэр иIэтыжырти, къызэщIипхъэнкIэжырт. Сабийр гъащIэм хуэзыгъэхьэзыр, фIы куэд зыпылъа а Iуэху бгъэдыхьэкIэр блэкIа лIэщIыгъуэм дэкIуэдауэ щыта фIыгъуэхэм ящыщщ. Абы лъандэрэ щыIэжкъым школакIуэхэр зыхэту щыта щэбэт щIыхьэхухэри. УФ-м и Къэрал Думэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и комитетым и пашэ Казаковэ Ольгэ зэрыжиIамкIэ, хабзэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм япкъ иткIэ, классхэми иджы махуэ плъырхэр щыIэнущ, школакIуэхэр зыхэту щыта щэбэт щIыхьэхухэми школ гъащIэм увыпIэ щагъуэтыжынущ.

Апхуэдэу ядж предметхэм къыхыхьэну траухуэ а псори къызэщIэзыубыдэ «Лэжьыгъэмрэ технологиемрэ» дерсыр.

«Урысей Федерацэм и егъэджэныгъэ IэнатIэм теухуауэ» федеральнэ хабзэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм тепсэлъыхьу, КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ и министр Лу Азэмэт жиIащ иужьрей илъэсипщIым къащта хабзэхэм ящыщу а дэфтэрыщIэм гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр, псом хуэмыдэу щIэблэр лэжьыгъэм къыщIэгъэтэджэнымкIэ. «Лэжьыгъэр дэтхэнэ гъэсэныгъэ Iуэхугъуэми тегъэщIапIэ быдэ хуэхъу лъабжьэщ. «Лэжьыгъэ» псалъэм къызэщIиубыдэ Iуэхугъуэхэр зи гъащIэм хэлъу къэхъу цIыхуращ гугъуехьхэм щымышынэу лъэ быдэкIэ увыфынур, - къыхигъэщащ министрым. – Нэхъыщхьэращи, лэжьыгъэм ухуегъасэ лъэпощхьэпохэм уакъыпимыкIуэтыну, текIуэныгъэм ерыщу ухуэпабгъэну, зыIэрыбгъэхьа ехъулIэныгъэм пщIэ хуэпщIыну икIи абы папщIэ зылъэбгъэкIахэр зыхуэдэмрэ зыхуэдизымрэ къыбгурыIуэну».

А Iуэхугъуэм теухуауэ Лу Азэмэт жэрдэмыщIэ къыхилъхьащ. Министрым и мурадщ хабзэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэр зылъэIэс къэрал IэнатIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр зыхэт семинар ин къызэригъэпэщыну. Абы и утыку шэщIауэ щытепсэлъыхьынущ а зэхъуэкIыныгъэщIэхэр ди щIыналъэм зэрыщыбгъэзащIэ хъуну щIыкIэхэмрэ Iэмалхэмрэ.

Къыхэдгъэщынщи, «Урысей Федерацэм и егъэджэныгъэ IэнатIэм теухуауэ» хабзэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм япкъ иткIэ, курыт школхэм апхуэдэу «къагъэзэжынущ» дыжьын медалхэми, «Еджэным щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэм папщIэ» 2-нэ нагъыщэ зиIэ дамыгъэ» фIэщыгъэм щIэту. Ахэр иратынущ курыт щIэныгъэ зэрызригъэгъуэтам щыхьэт техъуэ и аттестатым «4»-уэ тIу фIэкIа имытрэ адрейхэр «5» защIэу школыр къэзыух ныбжьыщIэм. КъинэмыщIауэ, «Шынагъуэншэ гъащIэм и лъабжьэхэр» (ОБЖ) предметым «Шынагъуэншагъэмрэ Хэкур хъумэнымрэ я лъабжьэхэр» («Основы безопасности и защиты Родины», ОБЗР) фIэщыгъэщIэр игъуэтынущ. А дерсхэр нэхъыбэу тегъэщIауэ щытынущ щIэблэр хэкупсэу, щалъхуа щIыналъэмрэ къэралымрэ я къыщхьэщыжакIуэ нэсу гъэсэным.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

# Мэзхэр хъумэным тегъэщIауэ

● ЩIыуэпс



**«Экология» лъэпкъ Iуэхум хыхьэ «Мэзхэр хъумэн» федеральнэ проектым ипкъ иткIэ, 2023 гъэм зэлэжьыну къапэщылъхэм хухахащ федеральнэ бюджетым щыщу сом мелуан 35-рэ мин 603,4-рэ. Абы щыщу сом мелуани 10-рэ мини 114,1-р мэзхэм зэрызрагъэубгъуну мылъкущ.**

ГЪАТХЭ кIуам щIы гектар 98-м щыхасащ мэзым щагъэкI жыг лIэужьыгъуэхэр (илъэсым зытраухуар щIы гектари 115-рщ). Бжьыхьэм гектар 17 абы къыхэхъуэнущ. Бадзэуэгъуэ мазэм пащащ мэзхэм щагъэкI жыгхэм кIэлъыплъынымрэ уэздыгъей жыг лъэпкъыгъуэхэр зыхуей хуэгъэзэнымрэ, апхуэдэуи жыгыщIэхэр тэмэму хэгъэкIэным, нэхъыфIу зегъэужьыным хуэгъэза лэжьыгъэхэм. Апхуэдэ Iуэхухэр мы зэманым щрагъэкIуэкI щIы гектар 775,7-м. Уэздыгъей жыг лъэпкъыгъуэхэм хыхьэхэм я нэIэ щытетщ щIы гектар 95-м.

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.**

# ЩIэныгъэм и къигъэхъуапIэ нэс



● ТхылъыщIэ

**Бзэр лъэпкъым и псэщ, жаIэ. Аращ лъэпкъым и щIэжыр зымыгъэкIуасэр, абы и дуней лъагъукIэр зыгъэпсыр. А лъапIэныгъэхэращ иужькIэ щэнгъасэр къэзыгъэщIыжыр, и лъэпкъыщхьэм пкъощIэсэ хуэхъур. Псалъэм и хьэтыркIэ, унагъуэм къихьэ цIыхум хьэщIагъэ ехыныр, гуапэу хущцытыныр адыгагъэм и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Къапщтэмэ, хьэщIэ гъэхьэщIэныр къызыдемыкIуэкI лъэпкъ куэд щыIэкъым. Апхуэдэу щыт пэтми, адыгэращ зыхуигъэныкъуэурэ хьэщIэм хуэзыгъэкIуатэр, и псэм къыщIеIэн къыхэкIынуми, абы и щхьэр хуэзыгъэтIылъыр. Сыт щхьэкIэ? ХьэщIэр Тхьэм и лIыкIуэу къызэрилъытэм и мызакъуэу, цIыхур лъэпкъ гуэрым къызэрыхэкIар, абы пыщIэныгъэ хуиIэным лей зэрыхэмытыр зэрегъэзахуэри, хьэщIэр зэрыт щытыкIэм, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкIэ къыхуемыпсыхами, езыр и щхьэкIэ зэриувэнур къыгурыIуэри аращ. Адыгагъэм и пкъыщхьэкIэ узэджэ хъунур хьэщIагъэм и закъуэкъым – ар зы щапхъэу аращ. Щэным и щытыкIэфIу къалъытэ дэтхэнэ зыми епха Iуэхугъуэхэр гъэсэпэтхыдэрэ тхыдэжьу IуэрыIуатэжьхэм къыхэнащ, адыгэ гупсысэр зэрагъакIуэу. Апхуэдиз хъугъуэфIыгъуэр къызэрыIуэта бзэр умыщIэмэ, зытеIуэтыкIа хъунури зэхэпщIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым. Ар уи фIэщ ящI иджыблагъэ дунейм кеъытехьа IуэрыIуатэ тхылъхэм.**

АДЫГЭ хэгъэгуищым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ я институтхэр иужьрей илъэсхэм щIэгъэхуэбжьауэ иужь итщ ХХ лIэщIыгъуэм и ублапIэхэм къыщегъэжьауэ нобэр къыздэсым зэхуахьэса IуэрыIуатэхэм я зэужьхэр зэхэгъэувэным, ахэр щIэныгъэм къищта хабзэхэм тету зэхэлъхьэным. Апхуэдиз фIыгъуэр цIыхубэм зэрылъагъэIэс Iэмалхэр зэщхьэщыкIми, зэзышалIэ яIэщ – щIэныгъэ къэкIуапIэ хъуну зэращыгугъым и мызакъуэу, адыгэр адыгэ зыщI нэщэнэхэр къызыхэщ текст нэхъыфI дыдэхэр къызэщIаубыдэ, ахэр дунейм къызэрытехьа бзэмкIэ абы деж нахьэсыж. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр курых хуэхъуащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Адыгэ институтым, КIэрашэ Тембот и цIэр зезыхьэм, илъэс зыбжанэ хъуауэ къыдигъэкI, «Адыгэ IуэрыIуатэхэр» зыфIища щIэныгъэ зэужьым. Тхылъ 25-рэ хъууэ къыдагъэкIыну зыхуагуращэм щыщу 10-нэ, 11-нэ томхэр дунейм къытехьащ.

«Адыгэ дауэдапщэ уэрэдхэр» фIэщыгъэр зыгъуэта 10-нэ тхылъыр зэхэзыгъуэвари, тедзэным хуэзыгъэхьэзырари, псалъащхьэри, псалъалъэри, псалъэгъэнахуэхэри зыщIар филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Унэрокъуэ Раещ. Пэублэ псалъэ кIэщIым къызэрыхэщымкIэ, тхылъым и гъэхьэзырыным хэлэжьыхьащ IуэрыIуатэ зэужьым и зэхэублакIуэ, пэхуэщIэм и унафэщI Хьут Шэмсэдин, редактор нэхъыщхьэ Щхьэлахъуэ Iэбу, щIэныгъэ редактор Чуякъуэ Нафисэт, пшыналъэхэр щIэплъыкIыжынымкIэ редактор КIыкI Хьисэ, щэнгъасэмрэ щэнхабзэмкIэ редактор Чуякъуэ Алий, редколлегием щыщу Мамий Руслан, Къуиикъуэ Асфар, Нэхей Саидэ сымэ. Зи цIэ къитIуахэм дунейм темытыжхэр яхэтми, псэуху абыхэм лэжьыгъэшхуэ ирахьэлIащ дауэдапщэ уэрэдхэр, къебжэкIхэр, усэхэр зэхуэхьэсыным, лIэужьыгъуэкIэ зэхэдзыным.

Дауэдапщэхэм епха IуэрыIуатэхэр нэхъ тIорысэ дыдэхэм ящыщщ. Я лъабжьэр жыжьэ дыдэ къызэрыщежьэм къыхэкIыу, зэужьым хыхьэ нэгъуэщI IуэрыIуатэхэм щешэкIа, къыгуэхыгъуей щыхъу куэдрэ щыIэщ. Абы щхьэкIэ зэрыубыдауэ, зы тхылъ зэужьым и гъунэм игъэзэгъауэ къыдэгъэкIыныр гугъу мэхъу. ТхылъыщIэ къыдэкIыху къэс еплъыкIэщIэ гуэр къыкъуэкIыурэ, ахэр зэпэшэчау зэрагъэзэхуэн хуей хъууэрэ пасэрей IуэрыIуатэ лIэужьыгъуэхэм я чэзур къыщысар иджыщ.

ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, IуэрыIуатэ текстхэр къыдэгъэкIыныр гугъу ещI ахэр зыщыщ лIэужьыгъуэкIэ, я гъэпсыкIэкIэ, я къэIуэтэкIэкIэ зэхэдза зэрымыхъуар. А щхьэусыгъуэхэр епхащ текстхэр ди нобэм къызэрысами, зэрызетхьэ щIыкIэхэми. ЗэхэдзыкIэ Iэмалхэм щIэныгъэлIхэр иризэныкъуэкъуу зэрыщытым къыхэкIкIэ, тегъэщIапIэ ящIыр ахэр ижькIэ къызэрекIуэкIыу щытаращ. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэщ дунейм къытехьа тхылъыщIэр зытетыр.

Тхылъым псори зэгъусэу текст 697-рэ итщ. Абыхэм къищынэмыщIауэ, дауэдапщэхэм къыщекIуэкI фIытеIуэхэм, хъуэхъубзэ кIэщIхэм, щыгъуэ псалъэхэм ящыщу тексти 100 хуэдиз гуэдзэным кIуащ. Зэужьым уэрэд 457-рэ итщ. Абыхэм ящыщу лэжьыгъэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм епха уэрэдхэр 189-рэ, нысашэ джэгум епхахэр 147-рэ, щIопщакIуэм ехьэлIахэр 111-рэ мэхъу. Пшыналъэ зимыIэу дауэдапщэ уэрэду тхылъым уэрэд 240-рэ ихуащ. Пасэрей хъуэхъужьхэм ящыщу абы итыр тексти 112-м нызэрохьэс.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, лъэпкъым и дуней лъагъукIэр къызыхэщыж текст хъугъуэфIыгъуэ куэд тхылъым ихуащ. А псор къэзыхутэ, щIэныгъэ шыбзэм щIэзыгъэкI, «Адыгэ дауэдапщэ IуэрыIуатэр: абы и тхыдэр, и гуэшыкIэр, и фащэр» зи фIэщыгъэ тхыгъэм ди нэгу къыщIегъэувэ дауэдапщэхэр джыным епхауэ щIэныгъэм къикIуа тхыдэ гъуэгуанэр. Нэгумэ Шорэ, КIашэ Адэлджэрий, СулътIан Хъанджэрий, СулътIан Кърымджэрий, Тамбий Пагуэ я IэдакъэщIэкIхэм дауэдапщэхэм адыгэ гъащIэм щаубыд увыпIэр къызэрагъэлъэгъуам, а еплъыкIэхэм я мыхьэнэр нобэми зэрымыкIуэдар Унэрокъуэм къыхегъэщ.

XIX лIэщIыгъуэм псэуа узэщIакIуэхэм я гугъу дымыщIми хъуну къыщIэкIынт, КIашэ Адэлджэрий къыщIэна зы псалъэ гъэщIэгъуэныр мыхъуамэ: «Мы дунейм уэрэд нэмыщI къытемынэжми, адыгэм и щыIэкIэпсэукIэр кърибгъэлъэгъуэжыну, и тхыдэр ириптхыжыну абыхэм яхэлъ хъыбарым фIэкIа ухуейкъым». Мы зы псалъэ закъуэм къегъэлъагъуэ IуэрыIуатэжьхэм я мыхьэнэм и инагъыр. Иджыри зы щапхъэ къэтхынут. Урыс-Кавказ зауэр къежьа къудейуэ шу мин хъу гупым бийр зэтракъутауэ къыщыкIуэжым, зэуэзэпсэу нэгъуэщI биидзэ къатеуащ. Шэр уэм хуэдэу къытрапхъанкIэ, я ужьыр къаху щыхъум, адыгэ шу гупым хэтхэм я гур кIуэду хуежьащ. Дзэзешэхэм къэхъур щалъагъум, псалъэкIэ къызэщIаIэтэжын щалъэмыкIым, джэгуакIуэ яхэтти, уанэм къиувэри «Къарэкъэщкъэтау зауэм и уэрэдыр» къыхидзащ. Асыхьэтым, лIыхъужь уэрэдыр щызэхахым, дзэ зэпкърыхуам зызэщIигъэуIуэжащ, я гур къызэрыгъуэтыжри, бийм егъэрыкIуащ. ЛIыхъужьыгъэрэ хэку лъагъуныгъэкIэ гъэнщIа уэрэдыжьым хузэфIэкIащ зауэлIхэм я гуащIэм псыщIэгъэлъадэ хуэхъун, бийр я гущIыIум кърнмыгъэхьэу зэтригъэувыIэн. Мис апхуэдэ къару яIащ сыт хуэдэ уэрэд лIэужьыгъуэми.

«Адыгэ сабий IуэрыIуатэхэр» зи фIэщыгъэ 11-нэ тхылъри зыгъэхьэзырар Унэрокъуэ Раещ. Псоми зэрытщIэщи, сабийхэм папщIэ зэхалъхьа IуэрыIуатэхэр щIэблэр гъэсэнымкIэ IэмалыфI дыдэу щытщ. ЦIыхум и щхьэхуитыныгъэм, захуагъэм, фIыгъэм, пэжыгъэм, дахагъэм, гумащIагъэм ехьэлIа гупсысэу сабий IуэрыIуатэхэм куэд дыдэ хэлъщ, я къэIуэтэкIэми а цIыхугъэ щапхъэхэми цIыкIухэр къыхуамыгъэушынкIи Iэмал иIэкъым. Тхылъым ихуащ зэгуэр дунейм къытехьа сабий IуэрыIуатэ текстхэм нэмыщI, архивхэм къыхахыжахэр, зэи трамыдзахэр.

Тхылъыр IыхьиплIу зэхэтщ. Япэ Iыхьэм хиубыдащ сабийм иращIэкI дауэдапщэхэм епха IуэрыIуатэхэр: гущэ уэрэдхэр, лъэтеувэ уэрэдхэмрэ усэхэмрэ, къаншэж къебжэкIхэмрэ уэрэдхэмрэ, цIэус уэрэдхэр, хъуэхъухэр, нэгъуэщIхэри. ЕтIуанэ Iыхьэр зэрыщыту сабий джэгукIэхэм ятеухуащ. Мыбы хохьэ езы джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къищынэмыщIауэ, къуажэхьхэр, усэрыбжэхэр, лъытэкIэхэр, нэгъуэщIхэри. Ещанэ Iыхьэм хыхьащ гъэсэпэтхыдэхэр, ущиехэр, псалъэжьхэр, кIэщIущыгъэхэр. ЕплIанэ Iыхьэм къызэщIиубыдащ шыпсэхэр, псысэхэр, таурыхъхэр, хъыбар цIыкIухэр.

Мы тхылъыр гъэщIэгъуэн дыдэ зыщI Iуэхугъуэхэм ящыщщ апхуэдиз сабий IуэрыIуатэхэр къэзыIуэтэжа нэхъыжьыфIхэм ехьэлIа хъыбархэри. Дэтхэнэри адрейм къыщхьэщызыгъэкI къэIуэтэжыкIэ хьэлэмэтхэр яIащ. Абыхэм адыгэ щIэныгъэмкIэ яIэ мыхьэнэр къэгъэнауэ, щIэблэм цIыху щIыкIэр щэн яхуэщIыным хуэунэтIауи мыхьэнэшхуэ яIэщ.

«Адыгэ IуэрыIуатэхэр» зэужьым хэлъ фIагъхэм ящыщщ абы къызэщIикъуа текстхэр адыгэ псэлъэкIэ лIэужьыгъуэ псомкIи тхыжауэ зэрыщытыр. Тестхэр щIэныгъэм къызэригъэувым хуэдэу темыIэзэщIыхьыжу зэратхыжа диалектымкIэ тхылъым кIуащ. Абы къыхэкIыу зэужьыр Адыгэ хэкум щыпсэу адыгэхэм я мызакъуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрми Къэрэшей-Шэрджэсми щыпсэухэм яхуэщхьэпэнущ. Шэч хэлъкъым зэужьым ихуа IуэрыIуатэхэм щIэблэр адыгэпсэу къэгъэхъунымкIэ, цIыхугъэ лъагэ яхэлъу гъэсэнымкIэ я фIагъ къызэрыкIуэнум. Ди фIэщ мэхъу «Адыгэ IуэрыIуатэхэр» зэужьым хиубыдэ тхылъхэр дэтхэнэ адыгэ унагъуэми илъын зэрыхуейр.

**ТАБЫЩ Мурат**, *«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.*

## Дунейм щыхъыбархэр

### ЛIыщхьэхэр зэхуэзэнущ

**Урысей Федерацэмрэ Тырку Республикэмрэ я къэрал лIыщхьэхэр Путин Владимиррэ Эрдоган Реджепрэ лэжьыгъэ IуэхукIэ зэхуэзэну зэгурыIуащ.**

УФ-м и Президентым и пресс-секретарь Песков Дмитрий зэрыжиIамкIэ, къэрал унафэщIхэр тепсэлъыхьынущ лъэныкъуитIым я зэпыщIэныгъэхэм, Тыркум, Азербайджаным, Армением яку дэлъ зэхущытыкIэхэм, Украинэм щекIуэкI Iуэхухэм, гъавэм теухуауэ зэращIылIауэ щыта зэгурыIуэныгъэр зэрагъэзэщIэнум. Эрдоган къыхигъэщащ урысей гъавэр Африкэм и къэрал тхьэмыщкIэхэм яIэрыгъэхьэнымкIэ Тыркур сыт и лъэныкъуэкIэ дэIэпыкъуэгъу зэрыхъунур икIи жиIащ а Iуэхур тэмэму зэфIэкIыным теухуа унафэ пыухыкIакIэ Путин Владимир зэрыщыгугъыр. Экспертхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, зэгурыIуэныгъэ гуэрым хуэмыкIуэмэ, дуней псом гъавэхэкIхэм я уасэм щыхэхъуэнущ.

Украинэм щекIуэкI зэныкъуэкъухэм кIэ яIэным теухуа зэпсэлъэныгъэхэм зэрыщIэдзэжыпхъэми, Iуэхур мамырыгъэкIэ зэфIэхыным и хэкIыпIэхэр къэгъуэтын зэрыхуейми я гугъу ящIыну и мурадщ Эрдоган Реджеп. Тыркум и Президентым и администрацэм и лIыкIуэм зэрыжиIамкIэ, Урысейми Украинэми я Президентхэм дзыхь зрагъэз къэрал лIыщхьэ закъуэтIакъуэхэм ящыщщ Эрдоган.

### Къэхъукъащ Iэ шынагъуэ

**Грузием и ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ Шови зыгъэпсэхупIэр ирихащ а щIыпIэм и псы Iуфэхэр къызэрыгуэхуам. Дуней къэхъукъащIэ шынагъуэм лъэмыжхэр трихащ, гъуэгухэр зэхикъутащ, зыгъэпсэхупIэ унэхэм псыр ящIэуащ.**

«ШОВИ зыгъэпсэхупIэр щымыIэжу къэплъытэ хъунущ, - жиIащ Тбилиси къалэм и унафэщI Каладзе Кахэ. – ЩIыпIэм къыщIэуа псыдзэм апхуэдиз лъэщагъ иIэти, ар зылъэIэса псори зэтрикъутащ».

Къэралым и МВД-м и гъунапкъэхъумэ кхъухьлъатэхэм цIыху 200-м нэблагъэ зыгъэпсэхупIэм кърагъэIэпхъукIащ. Къэхъукъащ Iэ шынагъуэм хэкIуэдащ цIыху 18, абыхэм яхэтщ Урысейм щыщ зы бзылъхугъэ, зи хъыбар ямыщIэхэри мащIэкъым. Насыпыншагъэр къыщыхъуа щIыпIэм къегъэлакIуэ 400 щолажьэ, кинологхэм иджыри цIыхухэр къалъыхъуэ.

**ШыщхьэуIум и 8, гъубж**

♦**Офтальмологием и дунейпсо махуэщ**

♦**Альпинизмэм и дунейпсо махуэщ**

♦**1942 гъэм** ЗыхъумэжыныгъэмкIэ Налшык комитетым унафэ ищIащ республикэм и къалащхьэм и къыдыхьэпIэхэм быдапIэхэр щаухуэну, щIытI лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIыну.

♦**2008 гъэм** Китайм и къалащхьэ Пекин къыщызэIуахащ XXIX гъэмахуэ Олимп джэгухэр. Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ абы чемпион щыхъуауэ щытащ адыгэ щIалэ **Хъущт Аслъэнбэч**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ балетмейстер **Марыщ Заур**.

♦**1956 гъэм** къалъхуащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Парламентым и депутат **Къудали Мухьэмэд**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 34 - 36-рэ, жэщым градус 24 - 27-рэ щыхъунущ.

**ШыщхьэуIум и 9, бэрэжьей**

♦**Тхылъыр фIыуэ зылъагъухэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Щалъхуа щIыналъэм щыпсэуж лъэпкъхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**1828 гъэм** къалъхуащ Кавказым и археолог, археограф, адыгэхэм куэдрэ ятеххыхьа **Берже Адольф**.

♦**1966 гъэм** къалъхуащ къэрал къулыкъущIэ, спортсмен Iэзэу щыта, дунейми Европэми самбэмкIэ я чемпион **Уэзы Мурат**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 35 – 36-рэ, жэщым градус 24 – 27-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* ЩХЬЭЩЭМЫЩI ИЗЭЩ.

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Бжьэхуцым мафIэ пхухэгъэпщкIуэнукъым.**

# Иджыпсту и чэзущ



**Бэдрэжаныр куэд щIауэ ди цIыхум къадокIуэкI, узыншагъэмкIэ сэбэпынагъышхуэ зиIэ хадэхэкIыу къалъытэу. Iуэхум и пэжыпIэм дыщагъэгъуазэ «Кавказ Ищхъэрэ МВЛ» IуэхущIапIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и IэщIагъэлIхэм.**

ХУАБЭЩХЭМ къыщагъэкI помидорхэр, зэрыфщIэщи, хадэм кърахым хуэдэкъым - ахэр къэкIыгъэм зезыгъэужь щIыгъэпшэрхэмкIэ гъэнщIа гидропоникэ пкъыгъуэм хэтщ, а химикатхэм щыщ хадэхэкIым зыщIишэу зэрызыхуихьэсыр гурыIуэгъуэу. Хуабэщ бэдрэжаным хадэхэкIым къыкIэрихын хуей мэ гуакIуэри щыуркъым. КъищынэмыщIауэ, цIыхум къыIэрыхьэр, зыхуей витаминхэм я пIэкIэ, нитратхэмрэ пестицидхэмрэщ.

ХадэхэкI гъэкIыным елэжьхэр, зэрыгурыIуэгъуэщи, нэхъыбэу зэгупсысыр абы и къабзагъэркъым, атIэ къыщIахыну ахъшэрщ, абы къыхэкIыу ар килограмм бжыгъэкIэ яшхми, сэбэпынагъыу къыхахынур мащIэщ, уеблэмэ я узыншагъэм зэран хуэхъунри хэлъщ, умысакъмэ.

Иджы хуэдэ зэманым хадэм къыщагъэкIа хадэхэкI къабзэхэр гъунэжу щыIэщ. Ахэращ щIым хэлъ минерал пкъыгъуэ сэбэпхэмрэ витаминхэмрэ къыхэзыхри. Къапщтэмэ, бэдрэжаным хэлъкъым узыншагъэмкIэ мысэбэпу къалъытэ крахмалыр, холестериныр, дагъэр, фошыгъур, псы нэхъыбэ дыдэ зыщIэту къалъытэ нащэми куэдкIэ къыкIэрыхуркъым - помидор грамми 100-м псыуэ грамм 95-рэ щIэтщ. Абы къыхэкIыу, нэхъ гъур зызыщIыну хуейхэм нэхъыбэу яшхкIэ зэранкъым. Помидорым хэлъщ ДНК-м и щытыкIэр зыхъумэ, лыщ узым пэщIэт антиоксидантхэр (ликопин). Псом нэхърэ нэхъ сэбэпу къалъытэр цIыхур езыр зыщыпсэу щIыпIэм къыщагъэкIарщ. Помидорыр дакъикъитI къудейкIэ къэбгъэхуабэмэ, ликопин пкъыгъуэр нэхъыбэ мэхъу.

Зэрыфлъагъущи, мы зэманым помидор лIэужьыгъуэу щыIэм я бжыгъэр къэпщытэгъуейщ, ауэ, дауэ мыхъуми, зи фэр плъыжьхэм нутриент пкъыгъуэу хэлъыр адрейхэм нэхърэ нэхъыбэщ.

Бэдрэжаным хэлъщ ксантофил, каротин, фенол, аскорбин, антоциан, цIыхум и гукъыдэжыр къэзыIэт серотонин пкъыгъуэхэр, винамин А, С, В, К-хэр. Ахэр гумкIэ, къупщхьэхэмкIэ, лъымкIэ сэбэпщ. Иджыпсту абы и чэзу дыдэщи, нэхъыбэ фшхыху нэхъыфIщ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● Хъыбар гуауэ

# ДэркIэ сыт щыгъуи псэунущ...



**Бадзэуэгъуэм и 30-м республикэм и щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм хэщIыныгъэшхуэ дгъуэтащ - и псэугъуэ дахэу, илъэс 55-м хыхьа къудейуэ дунейм ехыжащ КъБР и Гуащэ театрым и унафэщI, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ лэжьакIуэ Мэкъэней Альберт Анибал и къуэр.**

МЭКЪЭНЕЙ Альберт 1969 гъэм Тэрч къалэм къыщалъхуащ, пэщIэдзэ еджапIэри абы къыщиухащ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьитI зригъэгъуэтат, инженер, юрист IэщIагъэхэм хуеджэри. НыбжькIэ щIалэ дыдэу лэжьыгъэ IэнатIэм пэрыхьащ. И къару емыблэжу, игури и псэри етауэ зэрылажьэм, щIэныгъэ зэрыбгъэдэлъым, цIыхугъэ зэрыхэлъым я фIыгъэкIэ унафэщI IэнатIэр къыхуагъэфэщащ. - 2006 гъэм «Киновидеоучреждение» IуэхущIапIэм и унафэщI хъуащ. КъыкIэлъыкIуэу, 2021 гъэм щыщIэдзауэ, ар лэжьащ «Гуащэ театрым» и унафэщIу. Лэжьыгъэм щыпэрыхьа япэ махуэхэм щыщIэдзауэ нобэр къэсыху зэIусэм псэ хилъхьэу, гупыр зэгуригъаIуэу, щапхъэ дахэ игъэлъагъуэу и гъащIэр ирихьэкIащ. Ар зыцIыхуа, зыдэлэжьа, зэ нэхъ мыхъуми зыIущIа цIыхухэм гуимыхуж ящыхъуауэ, и цIэр фIыкIэ къраIуэу, псалъэ дахэ хужаIэу лъэужьыфI гъащIэм къыщинащ. Альберт сыт щыгъуи лъэIукIи чэнджэщкIи уи щхьэ епхьэлIэ хъунут, псэемыблэжу щIэгъэкъуэн къыпхуэхъуфырт, сыт хуэдэ Iуэхугъуэри зэгъэзэхуауэ зэфIигъэкIыфырт. «УнафэщIыр» унафэ щIыным и мызакъуэу, щапхъэ игъэлъагъуэу щытын хуейщ. Абы и лъэныкъуэкIи Альберт щапхъэ зытрах цIыхуу къэгъуэгурыкIуащ. Апхуэдэ гудзакъэрэ жэуаплыныгъэрэ лэжьыгъэм зэрыхуиIэм папщIэ, Мэкъэней Альберт КъБР-м и Правительствэмрэ ЩэнхабзэмкIэ министерствэмрэ я щIыхь тхылъкIэ и цIэ куэдрэ кърагIуащ. 2014 гъэм «КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр къыхуагъэфэщащ.

Альберт къуэ гумащIэу, адэ гу щабэу, цIыху щыпкъэу дунейм тетащ. ЗдэкIуар тыншыпIэ хуэхъуну Тхьэм долъэIу. И унагъуэмрэ Iыхьлыхэмрэ я гуауэр IэтыгъуафIэ ящыхъуну Тхьэм жиIэ.

Мэкъэней Альберт Анибал и къуэр дэркIэ сыт щыгъуи псэущ...

*«Киновидеоучреждение» къэрал IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэр.*

# IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ



НапэкIуэцIыр
зыгъэхьэзырар
ТАБЫЩ Муратщ

# Iэдииху

● Хъыбар

Iэдииху и чэщанэжьыр нобэр къыздэсым Инджыдж ЦIыкIу псыхъуэ и ижьырабгъу бгы нэпкъым лъагэу къытетщ.

IэдиихукIэ еджэу абы щIэса бзылъхугъэр хуабжьу дахэт икIи зэкIужт. Ар щIыпIэ жыжьэхэм къыщащIэрт, и хъыбархэри щаIуатэрт. Iэдииху и щхьэгъусэм и цIэри Къулътыбгъут. Ари зэхэзекIуэу, шыбзхэр куэду къиху апхуэдэу щытт. Шыщхьэмыгъазэт, лIыгъэ хэлът. Ауэ Къулътыбгъу и лIыфIыгъэр и щхьэм трилъхьэрти, зыщытхъужырт. Iэдииху-дахэри абы едаIуэрт.



– Е Къулътыбгъу-Къулътыбгъу,
Уи хъыбарыр уэ уоIуэтэж, –
Сэ си фIыщIэр, зи, хэбгъэхьэркъыми.
- Сыт уи фIыщIэу сэ къысхыхьэр?
- Жэщ мазэхэм шыр къыщыпхукIэ,
Лъэмыж кIапэм сэ сыгъуазэщ,
Си гъуэзэкIэр апхуэдэущ,
Си Iэдийр ныдызогъэж,
Лъэмыжыр согъэнэху,
Сэ си нэхум шыр кърокIуэ.
Ар си фIыщIэу
Уэ уи Iуэхум хызогъэхьэр, – жиIащ Iэдииху.

Ар Къулътыбгъум абы хуидакъым.

– Уэ уи фIыщIэ зикI къысхэлъкъым,
Си лIыфIыгъэкIэ сэ къызохь, – жиIащ Къулътыбгъум.

Апхуэдэурэ тэлай кIуащ. И шыбз къэхугъуэт Къулътыбгъу, и къэкIуэжыгъуэт. Лъэмыж кIапэм къосыж. Жэщыр кIыфIт, уэлбанэт. Iэдииху и Iэблэхухэр худигъэжри, лъэмыжыр хуигъэнэхуащ. Шыбз гуартэм зыкъаунэтIри, лъэмыжым къытехьащ. АрщхьэкIэ Iэдииху и Iэблэхур игъэпщкIужри, жэщыр, нэм къыщIэIэбэр умылъагъуу, кIыфI хъужащ. Къулътыбгъу шыбзу къихур зэрыгъащтэщ, зэрыуэзэрыбг хъури, лъэмыжым щыхуахэщ, икIи итхьэлащ. Къулътыбгъури хэкIуэдащ.

Пщэдджыжьым нэху щыри, Iэдиихур бгыпэ лъагэм къытеуващ, Инжыдж псыхъуэм ныдэплъащ, шыбз гуартэшхуэри псыхьэлъахуэу илъэгъуащ.

– Къулътыбгъур сэ сиIэжкъым,
Нартхэ, щауэхэр фызэхуэс,
Хьэдэ лъыхъуи дэ девгъажьэ, – яжриIащ Iэдииху абыхэм.

Нарт Сосрыкъуэ я шу пашэу нарт лIыхъужьхэр хьэдэ лъыхъуэ иришэжьащ. Инжыдж псыхъуэр иращыхри, ИнжыджитIыр Псыжь щыхэхуэм Къулътыбгъу и хьэдэр нартхэм къагъуэтащ. Нарт лIыхъужьхэм Къулътыбгъу и хьэдэр псым къыхахыжри, Iуащхьэ ину тракIутащ. Уэлбанэшхуэр а махуэм къайхъулIащ, Сосрыкъуэ и щIакIуэ щIагъым Iэдииху дахэр щIэуващ. Сосрыкъуэрэ Iэдиихурэ зэдихьэхри, лIыгъуэ-фызыгъуэр зэрахащ.

– Мыр сыт мы бгъахъэр, Сосрыкъуэ! – жери Iэдииху щIэупщIащ.

– ЛIыгъуэ-фызыгъуэ зэтхащ.

– Сэ си ныбжьым нобэ фIэкIа мыпхуэдэ Iуэхугъуэ слъэгъуакъым, – жиIащ Iэдииху. Абы сэ сыхэзыгъэна Къулътыбгъу хьэм ирешхыж, – жиIэри Iэдиихум, щIакIуэ щIагъым къыщIэкIри, Iуащхьэм и ныкъуэр къыгуитхъуащ. Нобэр къыздэсым абы «Къулътыбгъу и Iуащхьэ ныкъуэкIэ» йоджэ.

# Нарт Щэуей къызэралъхуар

Фыз къишэу, и къуэшхэм яхуэдэу, унагъуэу тIысыжьа нэужь, Къанж нарт лIыхъужьхэм яхэтуи куэдрэ къикIухьырт, зекIуэ кIуэрейт. ЗекIуэ щыIауэ къыщыкIуэжкIэ: «Зы къуэ къысхуалъхуауэ срихьэлIэжыну пIэрэ?» – жиIэурэ къэкIуэжырт, арщхьэкIэ зэи къыхуалъхуаIауэ кърихьэлIэжыртэкъым.

Апхуэдэурэ Къанж куэдрэ къикIухьащ, жьы хъууи хуежьащ. Къанж и фызыр бзаджэт, ябгащэт, зыри пэмылъэщыну къаруушхуэ иIэт, абы къыхэкIкIэ, щышынэрти, нарт фызхэр бгъэдыхьэртэкъым.



● Тхыдэжь

Къанж и иныжь фызыр зыми ямыщIэу мафIэм пэрылъхухьырт. И сабийхэр мафIэм пэрыхуэрти, мафIэм щыщтэу, ар яхуэмышэчу гъуэгыу зэрыхуежьэу, «мыр сэ къуэ схуэхъункъым», жиIэрти, мафIэм къыпэринэрти хэкIуэдэжырт. Апхуэдэурэ Къанж и фызыр бгъуэ лъхуати, сабиибгъури мафIэм пэрыкIуэдэжащ. Нартхэми куэд щIауэ ящIэрт иныжьхэм цIыху зэрашхри, Къанж и фызым и сабийхэри ишхыжу ягугъэт. Абы щхьэкIэ нартхэм иныжьхэр ялъагъу хъуртэкъым.

Къанж сабииншэу псэуурэ жьы хъууэ щыхуежьэм хуабжьу гузэващ: «Бынуншэу сыкъонапэ, лъэпкъыншэ-къупщхьэншэ дыдэ сохъу иджы», – жиIэри. И фызым неупщI-къеупщIми, зыри къыщыжримыIэм, бын иIэным и гугъэр щыхихыжыпэм, гузэващэри, Къанж езым и дэгызэ Сэтэней-гуащэ и деж кIуащ и Iуэху зэрыхъунумкIэ ечэнджэщыну.

– Сытым укъытхуихьа, сытуи унэщхъей, сытыр къыпщыущIыт, сыт бэлыхь ухуэузэ? – жиIэу Сэтэней-гуащэ Къанж къыщеупщIым, мыпхуэдэу жэуап иритащ:

– Си дэгызэу Сэтэней-гуащэ, сэ Iуэху гузэвэгъуэкIэ сыкъыпхуэкIуащ, абыкIэ уэ чэнджэщэгъу укъысхуэхъуну сыпщогугъ. Мис уэ сыкъолъагъу, жьы сыхъуу хуежьащ, си жьакIэм тхъугъэ хидзащ. Си къуэш пщыкIублым си япэ фыз къашати, ахэр псори бынунагъуэ хъужахэщ. Сэри фыз лъыхъуэ сежьэри, си насыпыншагъэти, мо иныжьыр къыспэщIэхуауэ сыдопсэу, ауэ иджыри къэсыху бын сиIэкъым. «Бын щхьэ димыIэрэ?» – жысIэу сеупщIым, жэуап къызитыркъым. Лъхуэуэ къилъхур ишхыжми сщIэркъым. Иджы абы фIэкIмэ жьы дыдэ сыхъунурэ бынншэу сыкъэнэпэнущ. Дунейм сыт и Iэмал зы къуэ закъуэ нэхъ мыхъуми сиIэн папщIэ? СынолъэIу чэнджэщэгъу укъысхуэхъуну.

Апхуэдэу Къанж щыжиIэм Сэтэней-гуащэ чэнджэщэгъу къыхуэхъуащ мыпхуэдэу:

– ЗыщIыпIи умыкIуэу удэсурэ уи фызым кIэлъыплъ, лъэщыджэ щыхъур къэпщIэн щхьэкIэ. И лъхуэгъуэр къызэрысу сэ хъыбар сыгъащIэ, сэри сынэкIуэнщ.

– Дэгъуэщ! – жиIащ Къанж, – сэ сыкIуэжынщи, си фызым и лъхуэгъуэ къэсмэ хъыбар уэзгъэщIэнщ.

Къанж унэм къэкIуэжри зыкъом дэкIа нэужь, и фызым и лъхуэгъуэр къыщысым, Сэтэней и деж кIуэри ишащ.

– Уи лъхуэгъуэр къызэрысам и хъыбар зэхэсхати, сыбдэIэпыкъуну сыкъэкIуащ, – жиIэу Сэтэней Къанж и фызым щыжриIэм ар гуфIащ.

– Хуабжьу си гуапэщ укъызэрысхуэкIуар, – жиIащ ябы. – Иджыри къэсыхункIэ апхуэдэ IуэхукIэ сэ зыри къысхуэкIуакъым, къысщышынэхэу арми сщIэркъым нарт фызхэр къыщIыскIэлъымыкIуэр.

Къанж и фызым Сэтэней-гуащэ жриIащ сабий къалъхур жьэгум дэхуэн хуэдэу, нарт фызхэр уэнжакъ кIуэцIым зэрыщылъхуэр, ар нарт лъэпкъым я хабзэ ткIийуэ зэрыщытыр.

Арати, Къанж и фызыр лъхуэну къытелъэдащ. Сэтэней-гуащэ ар ишэри, уэнжакъ кIуэцIым, зэрыжаIам хуэдэу дригъэкIуеящ, езыр жьэгу мафIэм щхьэщыту и лъабжьэм щIэувэжащ, сабийр къыщехуэхкIэ къипхъуатэу игъэпщкIун мурад иIэу.

Къанж и фызым щIалэ цIыкIу къилъхури къехуэхащ, ауэ Сэтэней-гуащэ и куэщIым къыщригъахуэм, апхуэдизкIэ ар хьэлъэти, хуэмыубыду Сэтэней-гуащэ и бостеикIэр зэпитхъри, мафIэм пэрыхуащ. Сабийр жьэгум къыщызэфIэтIысхьэжауэ мафIэр зэбгрит-хъуу, жьэгу мафIэшхуэм хэджэгухьу хэст.

Къанж и фызыр уэнжакъым къеплъыхри, къилъхуа цIыкIур мафIэм ириджэгуу жьэгум дэсу щилъагъум жиIащ:

– Мис ар хъунущ нарт. Къафщтэ!

Сабий цIыкIур Сэтэней-гуащэ къиштэри:

– Мыбы и гущапIэр Iуащхьэмахуэ и сыджырщ, – жиIэри, щIалэ цIыкIур Iуащхьэмахуэ яхьащ.

● КъебжэкIхэр

# Уэхьэхьейуэ, Токъуажэ

**Уэхьэхьейуэ, Токъуажэ,**
**Токъуажэ щIалэхэри зэрощIэ,**
**Мыщхьэ-джыщхьэ дыдохьэ,**
**Дурыхьэху Iэпэдэуэ мэджэгу,**
**Iэпэдэуэ Борэныкъуэ къахогъэ,**
**Гъы зэпыту ПIытIэ цIыкIу къекIухь,**
**ХьэщIэмахуэ зэхэмыкI зэхещIэ,**
**Махуэ къэси шыпсыранэм щощакIуэ,**
**Шыпсыранэ щакIуапIэхэри я хабзэщ,**
**Джэд зэуIуу ялъагъуми мэгуфIэ.**
**Зи дамэ зэпаудыр бабыщщ,**
**Пэщащэу кърадыхыр анэжьщ,**
**ЛIыжьыкъуэу зи щыкъуэлIыр къагъу,**
**Хьет жезыгъэIэр Iэлхъбэрей щIалэрщ.**
**«Ди пыIэжь,**
**Ди сэжьей,**
**Ди баш дахэ,**
**Ди бгырыпхыфI», – жиIэри**
**ЛIыкIуэжьыр къагъэкIуащ.**
**ЛIыкIуэжьу къагъэкIуам**
**Мыщэ хабзэ яфIищIри,**



**Джэщокъуэ дыхьэжащ,**
**Джэщокъуэ здыдыхьэжам**
**Гъусей Хъусин цIыкIур тхьэмадэфIт,**
**ЕлIыпщIэкIщ-емэзкIауэщ аби,**
**Iуащхьэшхуэ унафэ ищIу тетIысхьэжащ.**
**Ей, бзумэжь мыгъуэм**
**И вакъэжь лъэныкъуэри щощэт,**
**Зэзэмызи зыщощэт,**
**«ТхьэкIумэкIыхь къэдукIащ», – жеIэри,**
**Къазыкуэ къытхурагъэхьащ.**

● Щэнгъасэхэр

## Адэм и уэсят

Зы нарт и лIэгъуэр къыщыблагъэм, и къуэр ириджэри, уэсят къыхуищIыжащ:

– Сэ дунейм сохыж, – жиIащ нартым. – Уи гъащIэкIэ узрикъун мылъку къыпхузогъанэ, ныбжьэгъу ирипIыгъынуми, цIыхугъэ иризепхьэнуми узэрегуакIуэщ. Сыпхуэарэзыщ, сигу зэбгъэбгъакъым. Уэсят къыпхузогъанэри, укъызэдаIуэмэ, ущIегъуэжынкъым. Уэсят къыпхуэзгъанэр мыращ: япэрауэ, уипщ щIыхуэ иумыт, щIыхуи къыIыумых; етIуанэрауэ, зыхуэмыфащэм – ар уи благъэуи ирехъу – хуумыщIэIа, псыхэкIуадэ хъунщи, ухущIегъуэжынщ; ещанэрауэ, уи щэху умыIуатэ.

И къуэм апхуэдэ уэсят къыхуигъанэри, зи гъащIэр шыбгым имыкIыу псэуа нартыжьыр дунейм ехыжащ.

ЩIалэр куэдрэ егупсысащ адэм къыхуигъэна псалъэм, гъэунэхупIэ имыхуэурэ зыбжанэрэ екIуэкIащ.

И адэр зэрылIэрэ зы илъэс хуэдэ дэкIауэ, щIалэм зэхихащ пщыр щIыхуэ къезытын зэрылъыхъуэр. «Ди адэм и уэсятыр згъэунэхунщ», – жиIэри, щIалэр пщым деж кIуащ.

– Уззрыгузавэр зэхэсхати, сыкъэкIуащ, – жриIащ пщым. – Ди адэм къысхуигъэнауэ мылъку сиIэщ, щIыхуэ ухуейуэ зэхэсхащи, уэстыфынущ.

– Дэгъуэкъэ, – къыжриIащ пщым, – зэдухылIэ пIалъэм фIэзгъэкIынкъым, Iэмал имыIэу уэстыжынщ.

ЩIалэмрэ пщымрэ пIалъэмкIэ зэгурыIуащ.

ЗэраухылIа пIалъэр къэсри, щIалэр пщым деж кIуащ, арщхьэкIэ щIыхуэр кърherитыжакъым, пIалъэм пIалъэ къыхигъэкIыжащ. Аргуэрыр къыщысым, щIалэм тригъэзащ, щхьэусыгъуэ ищIри, абдежми кърeтыжакъым щIыхуэр.

Пщым пIалъэ къыхигъэкIыурэ илъэси илъэситIи кIуащ, ар щхьэусыгъуэ яхуэхъури, пщымрэ щIалэмрэ зэщыIеящ.

Iуэхур абы нэсауэ, щIалэм и ныбжьэгъур къыхуепсыхащ.

И ныбжьэгъур игъэхьэщIащ щIалэм, хуэфащэ пщIэр хуищIащ, иригъэжьэжын ипэ бащлъыкъкIэ зызэщIиуфэри, пщIантIэм шууэ дэкIащ. Жылэ гупэм щыджэгу щIалэ цIыкIухэм ябгъэдыхьэри, щIалэм щIопщыр зыIэпигъэхуащ. ЩIалэ цIыкIу къыбгъэдэлъадэри, щIопщыр къыхуишиижащ, мыдрейми щIопщыр къыIрихыж зищIри епхъухащ, щIопщыр къыхуэзышиижа щIалэ цIыкIур къипхъуатэри, щIакIуэ щIагъым щIидзащ. Ар пщым и къуэрауэ къыщIэкIащ. КIэлъыпхъэра щхьэкIэ, зыри къикIакъым. ЩIалэ цIыкIум и лъэужьым зыри техьэфакъым.

ЩIалэ цIыкIур мэзым щIихьэри, и хьэщIэр дригъэшыжащ щIалэм.

– Мыр анэмэт пхузощI, – жриIащ и хьэщIэм, щIалэ цIыкIур иритри. – Къаным зэрыхуэфэщэну уи унэ игъэс, сыныщIэупщIэмэ, къысхуэшэж.

ЩIалэ цIыкIур ихьри, хьэщIэр кIуэжащ.

И къуэ кIуэдауэ пщым игу фIы щыщIэнт: Iэджэм щыщIэупщIащ – дунейм тригъуэтакъым. ЩIалэм шэч къыхуащIыххэнутэкъым...

И адэм и етIуанэ уэсятри игъэунэхун мурад ищIащ щIалэм. Благъэ иIэт абы, и адэм мылъкуфI къыхуигъэнауэ. Къыхуигъэна щхьэкIэ, IэщIэшхыхьыжри, пщIантIэ нэщIым къыдэнащ. «Мыр си благъэщ, къыздалъагъу, сыдэIэпыкъун хуейуэ къыстохуэ», – жиIэри, щIалэм и благъэм Iэщи гъави иритащ.

Пщым и къуэр зэрыкIуэдрэ зыбжанэ щIауэ, пщыхьэщхьэ гуэрым, жьэгум здыдэсым, щIалэр «хьы» жиIэри пыдыхьэшхыкIащ.

- Сыт ущIэдыхьэшхар? – жиIэри къыщыхьащ и фызыр.

- СыщIэдыхьэшхар бжесIэнщ, уи бзэр пхуэIыгъынумэ, – жиIащ щIалэм. – БжесIэр пIуэтэжмэ, уэри сэри дытекIуэдэнущ.

– СIуэтэжынкъым, – щыжиIэм, щIалэм и щэхур фызым жриIащ.

– Ди пщым и къуэр зыIэщIэкIуэдар сэращ...

«Асымыгъуэт!» – жиIэурэ, нэху щыху жейм езэгъакъым фызыр. Нэхущым къыщылъэтри, я гъунэгъум мафIэхьэ ежэкIащ. «Ди зэхуэдэ щэхущ, дыпIуатэ хъунукъым, унэм исым IэщIэщIар мыращ», – жиIэри лIым и щэхур къанэ щымыIэу гъунэгъу фызым хуиIуэтащ. Аргуэрыр я гъунэгъум ежэкIри, пщым и къуэр зыдыгъуам и цIэр ириIуащ. Зым адрейм хуиIуатэурэ, щIалэм и щэхур жылэм хэз хъуащ.

ЩIалэр яубыдри, пщым деж яшащ.

- УкIын хуейщ! - жаIащ пщым и пщIантIэм щызэхэтхэм. Псом нэхърэ нэхъ ихъу-илъыр щIалэм гъавэрэ Iэщрэ зрита и благъэрат.

- Ямыгъэпсалъэ яукIыркъым, – жиIащ нэхъыжьхэм ящыщ зым. – Пщым и къуэр здэпхьар къыджеIэ.

- Пщым и къуэр зыдыгъуар сэращ, - жиIащ щIалэм. - Здыгъуа щхьэкIэ, згъэкIуэдакъым, си ныбжьэгъум и къанщ, хъыбар щезгъащIэ къаным зэрыхуэфащэкIэ къишэжынущ.

Хъыбар щригъащIэм, щIалэм и ныбжьэгъум пщым и къуэр къишэжащ, къаным хуэфащэ хабзэ къыкIэлъызэрихьэри...

Жьы хъууэ дунейм ехыжыху, адэм къыхуигъэна псалъэм тетащ щIалэр абы и ужькIэ, щыщIегъуэжаи къэхъуакъым.

## Бжьахъуэм и къуэм и зы хъыбар

Гъатхэр къихьэри, уэфI щыхъум, нартхэ я бжьахъуэм и бжьэр диши, тIуащIэм бжьахъуэ пщыIэ щыхисащ. ПщыIэр хисауэ бжьэр игъэхъуурэ, бжьахъуэм щIалэ къыхуалъхуащ. Гущэм хапхащ бжьахъуэм и къуэр. Хапха щхьэкIэ, яхухэлъакъым:

- Си адэр, - жиIэри, гущэпсыр къызэпичащ.

- Уи адэр тIуащIэм дэсщ, бжьэ егъэхъури, - жраIащ щIалэм.

Гущэм къафIыхэкIри, жыхафэгум къытеуващ бжьахъуэм и къуэр.

- ТIуащIэм сыкIуэнурэ си адэр слъагъунущ, – жиIащ щIалэщIэм.

ТIуащIэм ежьауэ гъуэгу здытетым, бжьахъуэм и къуэм шууищ кърихьэлIащ.

– Уий, мыр зэрыцIыкIунитIэ, нэщIэпкIэ хуэдизи узэрыхъур! – къыщыдыхьэшхащ шууищыр. – Дэнэ уежьа?

– Сэ сыздежьам сыт хувиIуэху, – жиIащ бжьахъуэм и къуэм. – Фэ фыздежьар къызжефIэ.

– Шы дыгъу докIуэ, гъусэ укъытхуэхъумэ, уздэтшэнщ, – къыдэгушыIащ шууищыр.

– Сыфхуэхъунщ, – жиIащ бжьахъуэм и къуэм. – Сыздэфшэ.

Бжьахъуэм и къуэр ягъэкIэсри здрахьэжьащ. ЗдэкIуэм, уэтэр ирихьэлIащ. Iуэм вы итти:

– Iуэм ихьи, зыв къиху, – жраIащ шууищым бжьахъуэм и къуэм. – Выр дукIынщи, лэгъупыIэмпIэ зэфIэддзэнщ, дыгъуэмылэншэщ.

Бжьахъуэм и къуэр Iуэм ихьэри, шууищым къегуоуащ:

– Iуэм нисхунур вы къуэлэн, вы джабэху, вы джэмыдэ, вы уэгуш? – жери.

– УмыкIий – дыкъебгъэщIэнущ! – гузэващ шууищыр. – Сытми, зыв къихуи, Iуэм къикI.

Бжьахъуэм и къуэм Iуэм зыв кърихури, шууищыр мэзым щIыхьащ, хуейм ихьэри, выр яукIащ, лэгъупыIэмпIэ зэфIадзэри, лыр халъхьащ. Псыр къыщытекъуалъэм, бжьахъуэм и къуэр лэгъупым хэпкIащ. Шууищым гу лъатакъым бжьахъуэм и къуэр лэгъупым зэрыхэпкIам.

– Си пэр ес, си нэр ес! – къыхэкIиикIащ бжьахъуэм и къуэр лэпсым, и щхьэр къыхигъэжри.

Къэхъуар къагурыIуакъым шууищым: зэрыгъащтэри, мэзым щIэлъэдэжащ, яшхэр къагъанэри.

Бжьахъуэм и къуэр лэпсым къыхэлъыжащ, лыр вати, лэгъупыр и дамэм фIидзащ, зыш къэшэсщ, шитIыр IумпIэкIэ иубыдри къежьэжащ.

КъакIуэм-къалъэурэ, нартхэ я шыбзыхъуэм ирихьэлIащ бжьахъуэм и къуэр.

– Уанэкъуапэм укъыкъуэщыркъым: дэнэ укъикIрэ, дэнэ укIуэрэ? Шыри дэнэ къипха? – къеупщIащ нартхэ я шыбзыхъуэр.

– Сосрыкъуэ шыбз гуартэ къихуауэ егуэш, къыслъысыр къыхэсхуащ, – жиIащ бжьахъуэм и къуэм. – УхокIыж!

– Iэгъу! – жиIэри шыбзыхъуэр ежэжьащ. Шыбзыхъуэр щежажьэм, бжьахъуэм и къуэм нартхэ я шыбзыхъуэм и шыбз гуартэр кърихужьэри, къежьэжащ.

КъакIуэм-къалъэурэ, нартхэ я выхъуэм къыIущIащ.

- Шыбзыр дэнэ къипхурэ? – къеупщIащ нартхэ я выхъуэр.

- Бэдынокъуэ шыбз гуартэ къихуауэ егуэш, къыслъысыр къыхэсхуащ, – жиIащ бжьахъуэм и къуэм. - УхокIыж!

- Iэгъу! – жиIэри, выхъуэр ежэжьащ. Выхъуэр щежажьэм, бжьахъуэм и къуэм вы хъушэр къызэщIикъуэри, и гъуэгу теувэжащ.

КъакIуэм-къалъэурэ, нартхэ я мэлыхъуэм Iуущ.

– Шыбзри вы хъушэри дэнэ къипхурэ? – къеупщIащ мэлыхъуэр.

- Ашэмэз шырэ вырэ къихуауэ егуэш, къыслъысыр къыхэсхуащ, – жиIащ бжьахъуэм и къуэм. – УхокIыж!

- Iэгъу! – жиIэри, мэлыхъуэр ежэжьащ. Мэлыхъуэр щежажьэм, шыбзымрэ вымрэ мэл хъушэри къыщIигъури, бжьахъуэм и къуэр къежьэжащ, и адэм деж нэсри:

- Шыи, выи, мэли къыпхуэсхуащ, - жриIащ.

– Уэ езыр ухэт? - къеупщIащ бжьахъуэр, шхуэмылакIэмрэ лъэрыгъымрэ иубыдри.

– Нартхэ я бжьахъуэм срикъуэщ, – жиIащ модрейм, къепсыхри. – Бжьэр къыдэпшауэ сыкъалъхуащ. Бжьэр къэпщIмэ, пIэщIэкIынкIэ сышынэрти, сыкъыпкIэлъыдэкIащ.

Аращ-тIэ, цIыхур цIыкIущ жыпIэу утемыгушхуэ, инщ жыпIэуи ущымышынэ, жыхуаIар. ЛIыгъэр теплъэм зыкIи елъытакъым.





● Хъуэжэ и гушыIэхэр

### Тхьэлъэlу схуэщIыж!

Былымым мэкъу яриту Хъуэжэ Iуэм итт. А сыхьэтым жыжьэу фочауэ макъ къыщыIуащ. А махуэм Хъуэжэ и пыIэр и фызым ижьыщIри, игъэгъущыжыну бжыхьыпэм фIидзауэ фIэлъти, шэ цIывар абы къытехуэри, пыIэ купсэр пхихащ. Ар щилъагъум, псынщIэу Хъуэжэ унэм щIэлъэдэжри, и фызым жриIащ:

– Фызабэу укъэнэным зы тIэкIунитIэщ иIэжар, псэууэ сыкъызэрынам щхьэкIэ псынщIэу тхьэлъэIу схуэщIыж!

– Ана-а, сыт мыгъуэр къэухъу? – жиIэри и нэр нэпсым къызэпижыхьауэ фызыр къыпежьащ.

ИужькIэ щIыбым къыщIишри, шэм пхиха и пыIэ купсэр Хъуэжэ абы иригъэлъэгъуащ:

– А сыхьэтым мы пыIэр сэ сщхьэрыгъауэ щытамэ, шэм си щхьэр фIихатэкъэ? – жиIэри.

### УкъыщыкIуэжкIэ ди дежкIэ укъыдэмыхьэ, дэ дыщыIэнукъым

Зэгуэрым Хъуэжэ деж гъуэгурыкIуэ гуэр пщыхьэщхьэм къеблэгъащ. Пщыхьэщхьэшхэр хьэзыру, бынунагъуэр шхэн фIэкIа хуэмейуэ хьэщIэр къыщIыхьати, лIитIым яхурикъун ерыскъы къытригъэувэри, Хъуэжэ и фызым Iэнэр къигъэуващ.

– «ХьэщIэр хьэзыр щхьэкIэ бысымыр хьэзыр?» жыхуаIэращ, си хьэщIэ, зумыусыгъуэджэу ди ерыскъым къыхэIэбэ! – жиIэу Хъуэжэ Iэнэр щигъэкIуатэм, хьэщIэм дыгъужь нэщIам хуэдэу шхэуэ щIидзащ.

«Мы тхьэмыщкIэр мэжэлIащ, сэ нэхъ мащIэу, нэхъ хуэму сышхэурэ зезгъэгъэнщIынщ», – жиIэщ Хъуэжэ игукIи, зигъэжьажьэу шхэуэ щIидзащ.

ХьэщIэр зыхуейр арати, епхъуэщ, еIэри напIэзыпIэм Iэнэр игъэкъэбзащ.

– Мы къытеплъхьар сыту мащIэт, фыз, тхьэ дыгъыIэ, дзэкъэгъуэ зырыз тхуэмыхъуа, къытелъхьэ иджыри, – жиIащ Хъуэжэ.

Фызым бынунагъуэм яшхыну къигъэнар зэхуэдитI ищIри, я зыр аргуэру къытрилъхьащ. Хъуэжэ абы тIэу фIэкIа хэмыIэбэу хьэщIэм ари трилъэщIыкIащ.

- Мы Тхьэр зиужь иувэным, уимыхабзэххэу ныщхьэбэ пыгъукI-пысыкIыу ущIэIэбэр сыт? Къытегъэувэ диIэу хъуар. Си шхэкIэр щIумыщIэжыр сыт уэ? – жиIащ Хъуэжэ, хьэщIэр имыгъэукIытэу зигъэнщIыху игъэшхэн щхьэкIэ. АрщхьэкIэ хьэщIэм и напIи мыхуадэу щыст.

- Пэж дыдэу, сэри ныщхьэбэ нэхърэ нэхъ мащIэ зэи сымыпщэфIат! – жиIэщ фызми, бынунагъуэм яшхыну къигъэнар псори зэращIа тебэшхуэм илъу Iэнэм къытригъэуващ.

Хъуэжэ зэ-тIэу фIэкIа хэмыIэбауэ хьэщIэм аргуэру иригъэкъэбзыкIри, иримыкъуауэ зэIурыбзаеу къэтIысыжащ. Хъуэжэ хьэщIэм еплъри, зэрызимыгъэнщIар къищIащ, арщхьэкIэ нэгъуэщI хьэзыр щыIэжтэкъым, бынунагъуэ псом яхурикъун хуея пщыхьэщхьэшхэр хьэщIэм и закъуэ зыIуридзат.

– Мис иджы дырикъуащ, Iухыж Iэнэр, – жиIащ Хъуэжэ.

Фызми Iэнэ нэщIыр Iуихыжащ. ХьэщIэр игъэшха нэужь, къыздикI-здэкIуэмкIэ бысымыр щIэупщIэну емыкIу пылътэкъыми, Хъуэжэ хьэщIэм еупщIащ:

– АтIэ, си хьэщIэ, дэнэ укIуэрэ?

– Ерыскъы сщымыкIуэжу мыхъумышхэ сыхъуащи, Iэзэ гуэр щыIэу жаIауэ, абы деж сокIуэ зэзгъэплъыну, – жиIащ хьэщIэм и фIэщу.

– Хъарзынэщ, ауэ укъыщыкIуэжкIэ ди дежкIэ укъыдэмыхьэ, дэ дыщыIэнукъым, – жиIэри Хъуэжэ гъуэлъыжыну зитIэщIыжу щIидзащ.

### КхъыIэ, сэри зы «Iыхь» къыслъыгъэс!

Зы чейм иту къашэжа фор Хъуэжэрэ сохъустэмрэ ягуэшыжырт. Сохъустэрат фор къизыгъахъуэри, езым и кхъуэщыным щригъэхъуэнум деж «Iыхь» жиIэу нэхъыбэ къыщIигъалъэурэ и кхъуэщыным ирикIэрт. Ауэ Хъуэжэ и кхъуэщыным щригъэхъуэнум деж, из имыщIыпэурэ кърригъахъуэрт. Хъуэжэ зыкъомрэ абы зыри жриIакъым, иужькIэ хуэмышэчыжу и кхъуэщыныр хуишийри елъэIуащ:

– КхъыIэ, сохъустэ, сэри зы «Iыхь» къыслъыгъэс! – жиIэри.

### Сыт нэхъ IэфI дыдэ, сыт нэхъ дыдж дыдэ?

Зэгуэрым къадыр мыдрисэм къэкIуати, ефэндым сохъустэхэр къызэхуишэсри къажриIащ:

– ХьэщIэ лъапIэ къытхуэкIуащи, фыкIуэжи нэхъ шхын IэфI дыдэу щыIэр къэфхь! – жиIэри.

Бзэгу гъэжьа ихьри Хъуэжэ мыдрисэм кIуащ.

– Мыбы нэхърэ нэхъ IэфI зыми къыфхуихьыфынкъым, – жиIэри ар щIихьэри, къадымрэ ефэндымрэ я пащхьэм иригъэуващ. ХэIэбэри еплъахэщ, ауэ апхуэдэу IэфIу къащыхъуакъым.

– Мыр псоми нэхърэ нэхъ IэфIу абы щхьэ къилъыта? – жаIэри, тIури зэплъыжащ.

ИужькIэ Хъуэжэ къыщIашэри еупщIащ:

– Мы бзэгур псоми нэхърэ нэхъ IэфIу щхьэ къэплъыта? – жаIэри.

– Псалъэ гуапэ нэхърэ нэхъ IэфI сыт щыIэ! – яжриIащ.

– АтIэ иджы нэхъ дыдж дыдэу щыIэр къытхуэхь, – къелъэIуащ ахэр Хъуэжэ. Аргуэру бзэгу гъэжьа ихьри яхуигъэуващ.

– Джатэ жаным ищIа уIэгъэр мэхъужри, псалъэ дыджыр мыхъужу гум къонэ!– къажриIащ Хъуэжэ.

# ЩIэблэм хуэлажьэ зэгухьэныгъэ

●Лъэпкъ Iуэху

***ЩIэныгъэм къыдэуша, зэманым къытхилъхьа интернет бзджыхьым и фIыгъэкIэ зэрыгъуэтыжауэ жыпIэ хъунущ дуней псом щытепхъа адыгэ лъэпкъыр. Абы я лэжьыгъэшхуэ хэлъщ интернет напэкIуэцIхэм къыщызэрагъэпэщ утыку зэхуэмыдэхэм. Абыхэм ящыщ зыщ адыгэу цIыху мин 90-м нэблагъэ зэхуэзэышэса, Урысейм и къалэшхуэхэм, хамэ къэралхэм щыIэ ди лъэпкъэгъу цIэрыIуэхэм, щIалэгъуалэм и зыужьыныгъэм, щIэблэм адыгэбзэр яIурылърэ хабзэм тету гъэсэным теухуа теплъэгъуэ щхьэпэхэр ди пащхьэ къизылъхьэ, илъэси 8 хъуауэ зи лэжьыгъэр зэпымыу «Черкесский ренессанс» напэкIуэцIыр. ИрагъэкIуэкI лэжьыгъэм тедгъэпсэлъыхьыну зыхуэдгъэзащ Iуэху щхьэпэм и къызэгъэпэщакIуэ Жылэгъащтэ Хьэчим.***



- 2013 гъэм жэпуэгъуэм и 14-м «ВКонтакте» сайтым «Черкесский ренессанс» («Адыгэм я къэщIэрэщIэжыгъуэ) напэкIуэцIыр къыщызэдгъэпэщауэ щытащ. ИужькIэщ ар Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэ щыхъуар, 2015 гъэм и фокIадэ мазэм. Абы и лэжьыгъэр хуэунэтIащ адыгэ щIалэгъуалэр жылагъуэ Iуэхухэм къыхэшэным, адыгэбзэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэным, лъэпкъым къыхэжэныкIа щIэныгъэлIхэр, узэщIакIуэхэр щIэблэм егъэцIыхуным. Зэгухьэныгъэм мурадышхуэхэр, къалэнышхуэхэр иIэщ, ахэр хуэгъэпсащ Iуэхугъуэ куэдым: щIалэгъуалэм и гупсысэкIэм къыщыщIэдзауэ щыIэкIэ-псэукIэм и лъэныкъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэрызэщIэдубыдэнум дыхущIокъу. Ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэр къытщIэувэ щIэблэр зэрыадыгэр ящIэжу, я анэдэлъхубзэм ирипсалъэу, ди адэжьхэм нобэм къахьэса хабзэр яхъумэу, ахэр дунейпсо утыкум ирахьэфу, лъэпкъыпсэу къэгъэхъунырщ.

**- «Черкесский ренессанс»-р щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэу зэрыщыIэ илъэсийм къриубыдэу зэгухьэныгъэм игъэзэщIам, илэжьам и гугъу уэзгъэщIынут, Хьэчим.**

- Интернет напэкIуэцIу дыкъеежьами, ди зэфIэкIхэр цIыкIутэкъым, дэ къыхэтлъхьа Iуэху зыбжанэ адрей жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми уеблэмэ щIыналъэ, къэрал, дунейпсо мыхьэнэ зиIэ IуэхущIапIэхэм къызэдащтэри, ягъэзэщIащ. Псалъэм и хьэтыркIэ, адыгэбзэм нобэ ди гъащIэм щиубыд мыхьэнэм, ар мыкIуэдыжын папщIэ лэжьыпхъэхэм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым мызэ-мытIэу сыкъыщыпсэлъащ, а Iуэхугъуэ дыдэр Къэрэшей-Шэрджэсым щекIуэкIа зэIущIэми къыщысIэтащ, хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэр Урысейм и цIыхуу къалъытэным пыщIа хабзэхэр нэхъ тынш щIыным теухуа тхыгъэ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и утыку къисхьащ. КъищынэмыщIауэ, студентхэм я дунейпсо фестивалым щыдгъэлъэгъуащ адыгэм и щэнхабзэр, хабзэр, фащэр. КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм щыгъуу «Адыгэ хабзэ», «Дебаты» зыфIэтща щIыналъэпсо зэхыхьэхэр, зэпеуэхэр едгъэкIуэкIащ. «Дебаты» проектым хэтащ Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм я щIалэгъуалэри. Ар урысыбзэкIэ едгъэкIуэкIауэ щытащ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм - адыгэхэм, балъкъэрхэм, къэрэшейхэм, нэгъуейхэм абазэхэм, урысхэм, къэзакъхэм, ермэлыхэм - щыщ ныбжьыщIэхэр зэрыхэтам къыхэкIыу. Къыхэгъэщыпхъэщ псапэ зыпылъ Iуэху зэрыдгъэзащIэри. Абыхэм ящыщу тIум нэхъ заубгъуат - «Псапэ», «Я благодарю» фIэщыгъэм щIэту едгъэкIуэкIахэм. Ахэр цIыхухэр зыхуэныкъуэ икIи сэбэпышхуэ зыпылъ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, мылъкукIэ зыкъытщIэзыгъэкъуэн дымыгъуэту, къызэтедгъэувыIащ. Iэмал имыIэу зэтеублэжын хуей Iуэхугъуэу къызолъытэ. ИджыпстукIэ щIэблэм я зэфIэкIхэр къызэкъуахынымкIэ дэIэпыкъуэгъу дахуэхъун папщIэ, щIалэгъуалэ проектхэм ди лэжьыгъэр нэхъ тедгъэщIэну тедухуащ. Абы папщIэ къызэдгъэпэщащ «ХьэщIэщ» зыфIэтща хэщIапIэр. Мы гъэм къэралым ит грант къэтхьащи, абыкIэ дызыхуэныкъуэ Iэмэпсымэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ къэтщэхужмэ, ди «ХьэщIэщым» и бжэр щIалэгъуалэм яхузэIухащ. Быдэу си фIэщ мэхъу ар щIалэгъуалэ зэчиифIэм я зэхуэсыпIэ, дэIэпыкъуэгъу щагъуэт, я хъуэпсапIэхэр нэхуапIэ щыхъу, щхьэпагъ пылъу я зэманыр щагъакIуэ хэщIапIэ зэрыхъунур.

**- Адыгэхэм хьэщIэщ яIэу щытащ...**

- Пэжщ. Адыгэм и хьэщIэщыр елIэлIапэу иухуэрт, хьэпшып нэхъыфI дыдэу иIэхэмкIэ игъэщIэращIэрт, и хьэщIэми пщIэшхуэ хуищIырт, ерыскъышхуэ къыхуиIэтырт, зэхъуэпсари тыгъэу иритырт. КъищынэмыщIауэ, абы щIыгъуу Iэнэм ягъэтIысырт пщIэ зыхуащIу къуажэм дэс лIы цIэрыIуэхэр. Абыхэм зэманыр зэрыкIуэм гу лъамытэу, уэршэру, хъыбарыжьхэр жаIэжу зэхэст. Дауи, нэхъыжьыфIхэм я Iэнэзехьэу ящхьэщыт щIалэгъуалэми хьэщIэщым щызэхах IуэрыIуатэм Iущыгъэ къыхахырт. Мис ахэращ ди «ХьэщIэщым» и лэжьыгъэри зытегъэпсыхьауэ щытынур. Нобэрей махуэм, гъащIэм къигъэув Iуэхугъуэхэм теухуауэ дгъэпсэлъэну нэхъыжьыфIхэр къедгъэблэгъэнущ, абыхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я дуней еплъыкIэкIэ, гупсысэкIэ зэрыщIэн папщIэ. Дэ фIыуэ къыдгуроIуэ ди лэжьыгъэр зылъахъэ Iуэхугъуэ гуэрхэм дызэрырихьэлIэнури, псори дызэрыхуейм хуэдэу зэрымыхъунури. Абыхэми дыхуэхьэзырщ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр - а зэIущIэхэр егъэкIуэкIынырщ, абы адыгэбзэ щыгъэIуэнырщ. Дэ зыми улахуэ къыдитыркъым. Грант зэпеуэхэм дыхыхьэурэ мылъку гуэр къытхэхъуами, дызэрылэжьэн Iэмэпсымэхэр къритщэхуащ. Аращ ди зэгухьэныгъэм хэщIапIэ имыIэу дыкъыщIэгъуэгурыкIуар. Ауэ ди хьэщIэщыр нэдгъэсмэ, Iуэхур нэхъ тынш хъунущ.

**- Лъэпкъыр зыхуэныкъуэ дыдэщ узыпэрытыр, Хьэчим. ИпэкIэ уплъэмэ-щэ? Сытхэр иджыри уи мурад?**

- Дауи, нобэ дыздынэсам дыкъыщыувыIэнукъым. Сэ мурадышхуэхэр сиIэщ. Псалъэм папщIэ, ЩIалэгъуалэ Хасэ къызэдгъэпэщыну ди гугъэщ, абы къекIуалIэхэр щIыналъэ, урысей, дунейпсо Iуэхухэм хэдгъэхьэнущ. Дыхуейт лъэпкъым къыхуэсэбэпыну лэжьыгъэхэр утыкум изыхьэн щIалэгъуалэ дгъэхьэзырыну. КъищынэмыщIауэ, лIыгъэм, хахуагъэм я щапхъэ хэкупсэхэм теухуа фильмхэр адыгэбзэкIэ зэдзэкIыным зеттащ. Апхуэдэу, «Последний самурай», «Гладиатор» жыхуиIэ фильмхэр зэдзэкIын щIэддзэнущ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, ахэр пщIэншэу къыддэлэжьэну зэдзэкIакIуэхэращ зыщIынур. МылъкукIэ зыкъытщIэзыгъэкъуэн щыIатэмэ, адыгэбзэм къидгъэтIасэ фильмхэри псысэхэри нэхъыбэ хъунут. Ди зэманыр апхуэдэщи, сабийхэм телефоныр яIэщIэкIыркъым, зэпымычу псысэхэм йоплъ. Ахэр адыгэбзэкIэ щыIэу щытатэмэ, сабийхэми я анэдэлъхубзэм япэ урысыбзэр къафIищынтэкъым. Мы Iуэхум гупсысэ нэхъыщхьэу хэлъыр - щIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ анэдэлъхубзэр нэхъыбэрэ зэхегъэхынырщ. КъищынэмыщIауэ, зи IэщIагъэ-щIэныгъэкIэ бжьыпэр зыIыгъ, лъэпкъым къыхэжаныкIа цIыху щэджащэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ зэрыдгъэцIыхунущ, зэдгъэпсэлъэнущ. Гу зэрылъыттащи, апхуэдэ зэIущIэхэм яужькIэ щIэблэм я дуней еплъыкIэм зехъуэж. ЗэрыжаIэщи, щэрэ зэхэпх нэхърэ зэ плъагъумэ нэхъыфIщ.

**- ЗищIысымрэ зыщыщымрэ ящIэжу нобэрей гъащIэм екIурэ-ещхьу хэпсэукIын щIалэгъуалэ гъэсэнырщ уи гупсысэ нэхъыщхьэр, кIэщIу жыпIэмэ...**

- Дунейм лъэпкъ куэд тетщ. Дэтхэнэми езым и щэнхабзэ, бзэ, теплъэ иIэжщ. Быдэу си фIэщ мэхъу лъэпкъыр лъэпкъ зыщIыжыр бзэр арауэ зэрыщытыр. Адыгагъэр я гъуазэу, адыгэбзэр яIурылъу, хабзэм тету псэун, къэзыхъуреихь лъэпкъэгъуэм хэмышыпсыхьын щIэблэ гъэсэныр ди къалэн нэхъыщхьэу къыдолъытэ.

**- Ар Iуэхушхуэщ, Хьэчим. УзыпэщIэувар быдэу къыбгурыIуэжу иужь уихьащи, ди гуапэщ уи мурадхэр къохъулIэну, уи къару пэлъэщыну!**

**- Упсэу! ТлэкI къэдгъэнэнкъым.**

*Епсэлъар*
**ФЫРЭ Анфисэщ.**

# Лэгъупэжь Бахъшилло

**Зи псэупIэ зыхъуэжхэм я бжыгъэр къэзыбж «Финэкспертиза» IуэхущIапIэм къызэритымкIэ, 2022 гъэм и закъуэ хамэ къэралхэм къикIри, Кавказ Ищхъэрэм къэIэпхъуащ цIыху мини 177, 3-рэ. Абыхэм ящыщу мин 25,2-р - Къэбэрдей-Балъкъэрым.**

РБК хъыбарегъащIэ IэнатIэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, 2022 гъэм и япэ Iыхьэм КИФЩI-м къэIэпхъуащ цIыху мин 75,9-рэ. ИIэпхъукIахэм я бжыгъэр мин 85, 2-м нос. Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, абы икIащ цIыху минрэ щитхум нэс. Кавказ республикэхэм ящыщу Ингушым и закъуэщ зи цIыху бжыгъэм хэхъуэр. Зи ишэгъуэ-къэшэгъуэ ныбжьым итхэр зэрыIэпхъукIхэм Къэбэрдей-Балъкъэрри хеубыдэ.

ЩIалэгъуалэр Хэкум йокI. Къуажэхэр нэщI мэхъу, бзэр мэкIуэдыж, хабзэр зекIуэжыркъым. Хэт а тхьэусыхафэхэр зэхэзымыхари абы щхьэусыгъуэ щхьэхуэ къыхуэзымыгъуэтари? Ауэ щыхъукIэ, мис, бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, ди щIыпIэр зыфIэжэнэтхэр кIуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу. Хэмыхъуэр ар зэрыпэжыр и быным и фIэщ зыщIыфын адыгэ адэанэхэм я бжыгъэрщ.

Нобэ псэлъэгъу къытхуэхъуа Буранов Бахъшилло Узбекистаным щыщщ. Налшык къалэм «ЩхъуантIагъэхэр щащэ бэзэр» жыхуиIэм и курыкупсэм плов ещэри тетщ, абдеж дыдэм щыт шхапIэр игъэлажьэу.

«Сэ сызыхуеджар пщафIэ IэщIагъэрщ, - къыджеIэ псэлъэн нэхърэ лэжьэну нэхъ къызэрищтэр къызыпкърыщ Бахъшилло. - Узбекистаным сыщезыгъэджа си егъэджакIуэращ Налшык япэу къэкIуар. Абы и чэнджэщкIэ сеплъыну сыкъежьэри, цIыхухэр сигу ирихьащ, я зэхэтыкIэхэр, я псэукIэхэр гунэс сщыхъуащ. Щыпсэухэр зэрымуслъымэнри сфIэфIт. Арати, сыщылэжьэн щIэздзэри, мис, илъэс 30 хъуащ абы лъандэрэ. Си бынищыр къыщалъхуар Налшыкщ. Зэм Узбекистаным кIуэжу, зыгъэпсэхугъуэхэм мыбы щыIэу, апхуэдэу дыпсэуащ. Си щхьэгъусэр Бухъэра дохутыру щолажьэ. Иджы ди бынхэри ин хъуащ. Си къуэм къезгъэшащ, си пхъур езгъэшащ. А псори Налшык сыщылажьэурэ зэхуэхъуащ».



●Хэхэсым и гупсысэ

Ди упщIэхэр къезыгъэбла щхьэусыгъуэхэр къызыгурымыIуэ мы сатырхэм къеджэну си фIэщ хъуркъым. КъыдэкIуэтей щIэблэр, пхъашэ дыдэу жытIэмэ, адыгэну хуеижыркъым, я адэ-анэхэр къызэрагъэапцIэр зы псалъэщ: «Сыт мыбы щыIэр?» Ахъшэр уэсу къащытелъалъэ щIыналъэ гуэр къагъуэтауэ ди фIэщ ящIа нэужьи, а псор унагъуэ къалэн ягъэзэщIэну зэрыхуэмейм къаригъэгупсысауэ гурыщхъуэ уегъэщI. Пэжщ, адыгэ хабзэр ткIийщ. УмынасыпыфIэну къыпхуидэркъым. Ауэ насыпыр ахъшэращ жиIэу зы псалъэжьми дыщыхуэзакъым.

Бахъшилло зэрыжиIэмкIэ, езыми Налшык щыIэ и лъэпкъэгъухэми фейдэ къызыхахыр узбек сомымрэ урыс рублымрэ я зэхущытыкIэрщ. «Узбекистаныр область 15 мэхъу, - жеIэ Бурановым. - ЦIыхур куэдщ, лэжьапIэншэхэр нэхъыбэжщ. Ди улахуэхэр цIыкIущи, унагъуэр абы къыщысхуэIэтынутэкъым, Налшык сыкъэмыкIуамэ».

«Дапщэ мазэм къыпхэхъуэр?» - жысIэу, семыупщIу схуэшэчынут?

«Мазэм и кIуэцIкIэ сом мин 30 - 35-м нэс къытIэрохьэ, - къызет жэуапу. - Лэжьыгъэр нэхъыбэ щыхъукIэ, сом мин 40-м нэс къыщытхэхъуи къытхуохуэ. НэщI мазэм и кIуэцIкIэ мэжджытхэм дыкъыщIэмыкIыу дыщыщылажьэ щыIэщ».

Бахъшилло езыр пщафIэ къудейкъым, гъэсэнхэри къеещтэ. Къалэжьым и ныкъуэр еджакIуэхэм стипендие папщIэу къахуэнэу, и ныкъуэр - еджапщIэу, Бахъшилло цIыхуищ игъэсакIэщ: адыгитIрэ зы балъкъэррэ. Адыгэ щIалэхэр иджы Головко уэрамым тет шхапIэм щолажьэ, балъкъэрыр щыпщафIэр Къэщкъэтаущ.

Узбек уэршэрэгъу къыпхуэхъуауэ, пловым теухуа щэху гуэр къыпкърумыхыу укъыбгъэдэкIыжынт? ЗызгъэIэзэ пэтми, узбекхэм я деж плов къыщысщэхуху, сигурэ си щхьэрэ зригъэбгъэжу, абыхэм ейр нэхъ IэфIу къызэрыщIэкIымкIэ зыхузоумыс си псэлъэгъум. КъыпогуфIыкI. «Ухуейти уэ!» - жиIа къыщIэкIынщ игукIэ. Пэж дыдэу, мы узбекым ищIа пловым лыми, пхъыми, прунжми ящIэлъ IэфIыр щхьэхуэщхьэхуэу фIэкIа щызыхэпщIэркъым. Узбекхэм а щыри зэдагъэлэжьэф, зым и IэфIыр адрейм игъэбагъуэу.

АдэкIэ зыжетIахэр зэрыщытыххэу сотх, щхьэж зыхуейр къыхихыжын хуэдэу.

- Лыр щабэ хъун папщIэ сыт пщIэн хуейр?

- Лыр лыфIу щытын хуейщ.

- ЛыфIкIэ уэдджэр сыт? Мэлыл? Былымыл?

- Былымыл яукIагъащIэ. Зэманым укIэлъыплъурэ, лыр фIыуэ бгъэжьэн хуейщ.

- «ФIыуэ» жыхуиIэм къикIыр зырызу, кхъыIэ, къызжеIэ! Шыуаным дагъэ изокIэ, бжьын изолъхьэ...

- Бжьыныр тхъуэплъ хъуа нэужь, лыр иболъхьэри, зэгъусэу уогъажьэ. Абдежым псы стэкан щIэпкIэн хуейщ, бжьыныр кIэримысхьэн щхьэкIэ *(ар игъащIэм зэхэсхакъым - Ч. М.)*. Псы щIэпкIа нэужь, лыр кIэримысхьэу, щабэу мажьэ. ИтIанэ пхъыр хыболъхьэ. Пхъыр зы сыхьэт ныкъуэ хуэдизкIэ уогъэбэкхъ. ИтIанэ и щхьэр тыбопIэ.

- Пхъыр хэплъхьа нэужь, и щхьэр теппIэну?

- Iэмал имыIэу!

- Прунжыр сытым деж щыхэслъхьэнур?

- Пхъым и псыр щIэкIа нэужь, прунжыр хыболъхьэ.

Бахъшилло бэзэрым пщIэ зырыщиIэм и щыхьэту, дыпсэлъэху *(пщэдджыжьым сыхьэтийхэм деж)* цIыхухэр къыIухьэу, щIэупщIэу, апщIондэху езым «фынищIыхьэ, фынищIыхьэ» жиIэурэ, иригъэблагъэрт.

- Куэд фыхъурэ мыбы щыIэхэр?

- Мы бэзэрым тетхэр псори Бухъэра къалэм дыщыщщ. Сэ ахэращ сцIыхур.

- ЩIакхъуэ пIащIэ - лаваш зыгъажьэхэр-щэ?

- Ахэри дыдейщ. Иныкъуэхэр хэт ухуакIуэщ, хэт фабрикэхэм щолажьэ, абыхэм я Iуэхум мащIэщ хэсщIыкIыр. Ауэ мы бэзэрым щыпщафIэ псори зы щIыпIэщ дыкъыздикIар.

ЛэжьыгъэмкIэ уарэзыуэ щытми, хамэ щIыналъэм ущыпсэуныр тынш зэфэзэщу пхужыIэнукъым. Лъэпощхьэпо гуэр фыIущIэ къэхъумэ, къыфщхьэщыж зэгухьэныгъэ фиIэ жысIэу, сыщеупщIым, цIыху Iэсэу фэ зытет пщафIэм игу зыхуэкIуар гъэщIэгъуэнщ: «Дэ дэIэпыкъуэгъу тхуэхъур мы щIыпIэм щыпсэу цIыхухэрщ. Мис, мыбдежым си хъуреягъкIэ щыт псори къуэш-шыпхъухэм хуэдэу ныбжьэгъу дызэхуэхъуащ, дызэкIэлъокIуэ, зым Iэпыхур адрейм къищтэжу дызэдолажьэ. Абы нэхърэ нэхъ щIэгъэкъуэн дэ дыхуейкъым».

А псалъэхэр зэхэзмыхамэ, узбек пловым и IэфIагъым си гум зыгуэр щыхэщIынут, дауи. «Хэкурысхэр ди благъэ хуэдэу фIыуэ долъагъу», - къыпхужызыIэ хьэщIэр хамэу убжыну гугъущ. НэгъуэщI зыгуэрми гу лъывэзгъэтэнут. ЩIыналъэм ифI зэкIыр, зыкъэдумысмэ, абы и уасэр къызыгурыIуэрщ. Илъэс 30 хъуауэ Налшык щылажьэ пэтми, Бахъшилло зэрыузбекыр ещIэж, и пкъыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэу щытми, и псэр Узбекистаным пэIэщIэ зэи хъуркъым, къытхэшыпсыхьыжынуи хуейкъым. Ар зи фIыгъэр, япэрауэ, и бзэм ирипсэлъэжу дунейм зэрытетырщ, етIуанэрауэ, узбек лъэпкъылIу къэнэжыну зэрыхуейрщ.

«Хамэ Хэку сыщытхъэ нэхърэ, си Хэкужь сыщылIэ», - жызыIа адыгэм и Iущыгъэр узбекхэм нэхъыфIу къагурымыIуауэ узиIэ!

**ЧЭРИМ Мариannэ.**

# Адыгэ цIыхубэ уэрэдхэр ягъэзащIэ



● ЩIэ

**«Петровский» творчествэ центрым иригъэкIуэкI «Голоса России» Iуэхум хыхьэу, КIыщхэ Ислъамрэ Каринэрэ ягъэзэщIащ «Махуэхэр макIуэ» адыгэ цIыхубэ лъагъуныгъэ уэрэдыр. КъыжыIапхъэщ, нэхъапэIуэкIэ зи гугъу ныфхуэтщIа «Куда поехать» Iуэхури а центрым и жэрдэму зэрыщытыр.**

«ГОЛОСА России» Iуэхум и къызэзыгъэпэщакIуэхэм я мурадщ Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я макъамэм, зэрыхъукIэ, нэхъыбэу щагъэгъуэзэну. УэрэджыIакIуэхэм ягъэзащIэр зэманым пхыкIыу къагъэщIэрэщIэжа цIыхубэ уэрэдхэр. Артистхэм я зэфIэкIыр зигу дыхьэхэр ахэр щыпсэу щIыналъэм зыщрагъэплъыхьыну, щэнхабзэм, макъамэ гъуазджэм щагъэгъуэзэну кърагъэблэгъэну я мурадщ.

НэхъапэIуэкIэ зэщхьэгъусэхэр хэтащ «Новая звезда» урысейпсо телепроектым, «9 волна» теленэтыным, «Первый свет» (Новороссийск), «Город» (Черкесск), «Доброе утро, Кабардино-Балкария» (Налшык) теленэтынхэм, «Проверка на прочность» Iуэхум, зэпеуэ, фестиваль зэмылIэужьыгъуэхэм. КIыщхэ Ислъамрэ Каринэрэ я студие яIэжщ, альбом зыбжани къыдагъэкIащ. Абыхэм иджырей эстрадэ уэрэдхэм къищынэмыщIауэ, цIыхубэ уэрэдхэми гулъытэ хуащI. Абыхэм ящыщщ куэдым ягу дыхьэ «ИстамбылакIуэ», «Iуащхьэмахуэ» цIыхубэ уэрэдхэр. УэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэм республикэм щекIуэкI щэнхабзэ, гъуазджэ зэхыхьэхэр ягъэдахэ.

- Адыгэ уэрэдхэр гъэзэщIэныр тIэкIу къызэгугъуэкIми, псалъэхэр зэзгъэщIэнымкIэ Ислъам къыздоIэпыкъу. Аращ ди лэжьыгъэр щIэкIуатэр, - жеIэ Каринэ. - ДяпэкIи зыдужьыну, ди лэжьыгъэм щIэ гуэрхэр хэтлъхьэну, ди уэрэдхэр фIыуэ зылъагъухэм дахуэупсэну ди мурадщ!

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**



●Гъэлъэгъуэныгъэхэр

# Гъуазджэм дихьэххэм хуащIа тыгъэ

**«Сквер 100-летия» зыгъэпсэхупIэм хыхьэу яухуа гъуазджэ галереем щагъэлъагъуэ художник Аккизов Керим и лэжьыгъэхэр. Ар тыгъэфIщ иджырей сурэтыщI гъуазджэм дихьэххэм я дежкIэ.**

ВЫСТАВКЭР къызэIуахащ ХудожествэхэмкIэ Урысей академием и академик Ступин Сергейрэ КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэрэ.

«Здесь и сейчас» выставкэм хагъэхьащ лэжьэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэм тету ящIа сурэт 50-м нэблагъэ. Дэтхэнэми щIэщыгъуэ щыхъун, игу дыхьэн лэжьыгъэ къызэрыщигъуэтынум шэч хэлъкъым, ди нэкIэ тлъэгъуам тыдощIыхьри.

- Илъэс 20 - 25-рэ гъуэгуанэ къэзыкIуа си лэжьыгъэхэм ящыщ къэсщтэжри, абыхэм ящIэлъ гупсысэхэмрэ лъапIэныгъэхэмрэ къэзгъэлъэгъуэну мурад сщIащ. БлэкIам нобэрей нэкIэ еплъыжын хуейщ, - жиIащ Аккизов Керим.

- Керим ящыщщ нэхъ Iуэху бгъэдыхьэкIэ къызэрымыкIуэ зиIэ ди сурэтыщIхэм, зэфIэкI зиIэхэм, - къыхигъэщащ сурэтыщI Тхьэзэплъыж Руслан. - И лэжьыгъэхэр узыгъэгупсысэщ, щIэ гуэр зыхэплъагъуэщ.

Аккизовхэ я унагъуэ цIэрыIуэм я зэфIэкIым нэгъуэщI щIыналъэхэм щыпсэухэри щыгъуазэщ. Абыхэм я лэжьыгъэщIэхэм зэпымыууэ поплъэ, дахагъэрэ купщIэкIэ гъэнщIащи.

Выставкэм зыкърагъэхьэлIащ гъуазджэм и цIыхухэм, сурэт щIыным дихьэххэм, ди щIыналъэм зыплъыхьакIуэ къэкIуахэм. Гъэлъэгъуэныгъэр шыщхьэуIум и кIэ пщIондэ лэжьэнущ.

**БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.**
*Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*





● Налшык и теплъэгъуэ

# Япэ пщIащэхэр

**Шыщхьэуlум и хьэуа щIыIэтыIэ къабзэм и мэр зэуэ къыпIурехьэ, дунейр бжьыхьэ хуэплъэ зэрыхъуар зыхэпщIэу. Мы махуэхэм уэру къыпылъэлъыжащ бзиихум и гъэгъахэри. Ахэр мазитIмазищкIэ жыгым пиIыгъэщ, абыхэм къапих фоумэр дэнэкIи къыщыпщIихьэу. Иджыпсту ахэр жыг лъабжьэхэм гъуэплъыфэу щызэтрихьащ, тхьэмпэ фIэкIа умыщIэу.**

ХЬЭТIОХЪУЩОКЪУЭМ и жыг хадэм укъыфIэкIмэ, бзиихухэр нэхъыбэу здэщыIэр Налшык и къалэкумрэ «Горнэ» хьэблэмрэщ. Ахэр псори жыгышхуэ защIэщ, ныбжь зэраIэр къапщIэу. Мы зэманым, пщэдджыжьым жьыуэ, дыгъэр къэмыплъ щIыкIэ, коммунальнэ хозяйствэм и лэжьакIуэхэм гъэгъа гъуэлахэр зэщIакъуэ жьыбгъэ уэр крихуу Iэкlэ ягъэлажьэ IэмэпсымэхэмкIэ.

Бзиихухэм пIалъэкIэ къазэрыкIэрыху щыIэкъым тхьэмпэ гъуахэр япэу къызыпылъэлъ шыкIуртIымейхэри. ЗэрыфщIэщи, ахэр ди щыхьэрым щыкуэдщ. Ахэр щыфлъэгъунущ къалапщэм къыщыщIэдзауэ къалэкIэм нэсыху. Зэман ипэкIэ абыхэм цIыхухэр тегузэвыхь хъуат, пасэу я пщIащэхэр къызэрегъухым къыхэкIыу, арщхьэкIэ адрей къыкIэлъыкIуа илъэсхэм къагъэлъэгъуащ абы и щхьэусыгъуэр - хуабащэу екIуэкIа гъэмахуэхэм я зэран мащIэу къекIыу арат. Налшык имызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэм и адрей щIыналъэхэри гугъу дехьащ а Iуэхум, ар къызыхэкIар къагурыIуэху, уеблэмэ Ставрополь къалэм и коммунальнэ хозяйствэм и лэжьакIуэхэм къыхалъхьат абыхэм псы щIэгъэлъэдэн хуейуэ. Зы щхьэкIи къэмынэу, шыкIуртIымхэр хъугъуэм носри, къапыкIа жылэ дыщафэхэр дахащэу къыщIолъэлъэж. Абыхэм зыкIи зэран къахуэхъуркъым тхьэмпэхэм нэхъ пасэу къыпыхун зэрыщIадзэри.

Къапщтэмэ, Кавказыр зи лъахэу къалъытэ шыкIуртIымейр жыг къызэрыгуэкIкъым. Ар зэрыдахэм имызакъуэу, и быдагъкIэ жыгейр къыкIэщIыхьэркъым. Жыгым хэлъ таннид пкъыгъуэхэм я фIыгъэкIэ абы пхъэр зыгъэщ Iэгъэбэгу лIэужьыгъуэ нэгъунэ зэран хуэхъуркъым. Зэман жыжьэкIэ дызэIэбэкIыжмэ, хы ФIыцIэм и Iуфэм щыпсэуа адыгэхэм я унэхэр къызыхащIыкIыу щытар шыкIуртIымейрщ, абы хуэдэу псыIагъым пэщIэтыф нэгъуэщI пхъэ лIэужьыгъуэ зэрыщымыIэм къыхэкIыу.

Коммунальнэ хозяйствэм и лэжьакIуэхэм япэ пщIащэ къыпыхухэр зэщIэкъуэным ехьэлIа лэжьыгъэхэр яублащ бзиихухэмрэ шыкIуртIымейхэмрэ я тхьэмпэ гъуэлахэмкIэ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

Унафэщl-редактор
ШИРДИЙ Маринэ

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэ)*, ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщl-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщl-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариаnnэ, Щхьэщэмыщl Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщl-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.610
Заказыр №1702
12+

Теддээ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта IуэхугъуэхэмI я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* Джатокъуэ Марьянэ, *корректорхэу* Нэужьокъуэ Заирэ *(2, 3-нэ нап.)*, Елмэс ФатIимэ *(1, 4-нэ нап.)*.

*КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Щомахуэ Мариаnnэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.

*Сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.